ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№20-21 (22.929) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 6, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнитІщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: «Республикэм и цІыхухэм гъащІэр ящыгъэпсынщІэнырщ, я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынырщ нобэкІэ къалэн нэхъыщхьэр»

КЪБР-м и Іэтащхьэр хэтащ Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КЪБР-м щыІэм гъэмрэ лэжьыгъэм щыІэм 2014 гъэм и лэжьыгъэм къырикІуахэр щызэхалъхьэжа зэІуІщэм.

Іустэ Валерэ доклад ещІ.

БЛЭКІА илъэсым, нэхъапэми хуэдэу, Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КЪБР-м щыІэр лэжьащ щытыкІэ гугъуэхэм иту. Абы емылъытауэ, ар кьыпэщыт кьалэнхэм пэлъэщащ, ахэр ерыщу, адрей хабзэхъумэ Іэнатіэхэм яцІыгъуу зэфІигъэкІыу, - кьыхигъэщащ **КІуэкІуэ Юрий**, зэІуІщэм кьриихьэлІахэм защыхуигъаэзм.

Абы кьыдэкІуэу, дэтхэнэ зы Іэхэушхуэми хуэдэу, гугъуехьхэри щыІэщ. 2014 гъэм нэхъ мащІэ хьуащ следователхэм я лэжьыгъэм процессульнэ хабзэр кьызэпаудауэ кьыщІагъэщхэр, уголовнэ Іуэху кьэІэтын зэрамыдам теухуа унафэ миным щигъу Іуахьжащ, ахэр кьызэтрагъэувыІэжыным теухуауэ унафэ 45-рэ, зыхуеину тегъэщІапІэ нэщІыса зэрамы-Іэм кьыхэкІыу Іуэху 45-рэ кьызэтрагъэувыІащ. А псоми, кьыхигъэщащ КЪБР-м и Іэтащхьэм, кьагъэлъагъуэ Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КЪБР-м щыІэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэм, апхуэдэ хуитыныгъэ зиІэхэм, кІэлъыплъныгъэ тэмэм зэрырамыгъэкІыжыр. Гулъытэ пыухыкІа хуэныкъуэщ балигъ мыхьуахэм я сэбэпынагъ зыхэлъ Іуэхугъуэхэри. «Псоми яужэгъуэ псалъэхэм кьытезгъэзэжыну сыхуейкъым,- кьыхигъэщащ КІуэкІуэм, - ауэ пэжагърэ гущІэгъуэр (шэч хэмылъу, законым ипкъ иткІэ) щытепщэ бгъэдыхьэкІэр псом нэхъри нэхъ Іэмалымфіу щытщ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуаэлмрэ я деж хабзэр кьыщыізэпаудыныр кьэмыгъэхъуным».

Следственнэ управленэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыхагъэщащ щІэпхьаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ, террор унэтІыныгъэ зиІэхэр, оперативнэ къулыкъухэр зэрызэдэлажьэ егъэфІакІуэныр, армырамэ, ауэ цІыхухэр и Іэтащхьэм зэрыжиІэмкІэ, ехъулІэныгъэ гуэрхэр щыІэфынукъым. Финанс, налог щІэпхьаджагъэхэр зэхэгъэкІыным и Іэмалхэри егъэфІакІуэпхъэщ. Следственнэ управленэм кьалэн пыухыкІа хухахащ Іулъхьэ тыным екъэлІа щІэпхьаджагъэхэр зэхэгъэкІынымкІэ. Корупцым ебэныныкІэ, кьыхигъэщащ КЪБР-м и Іэтащхьэм, зыри зэмылІуэсфын щыІэ хьунукъым.

Урысей Федерацэм и субъектхэм я Іэтащхьэхэм, хабзэгъэуэ зэхуэсхэм я унафэщІхэм, кьалэшхуэхэм я мэрхэр кьрихьэлІэу екІуэкІа семинар-зэІуІщэм Урысейм и Президент Путин Владимир кьыщыпсалъэу кьыхигъэщащ коррупцэм пэщІэтыным гулъытэ пыухыкІэ игъуэтын зэрыхуейр. ЗэфІэувэ экономикэ щытыкІэмрэ екІуэкІ геополитикэ Іуэхугъуэ кууэхэмрэ кьэлъытауэ, абы и Іэныныкъэ-кІэ ерыщу лэжьыпхъэхэр убзыхун хуейщ. «Зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым, - жиІащ КІуэкІуэм, - хабзэхъумэ Іэнатіэхэм хэтхэм я кьабзагьри».

КЪБР-м и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ ЖКХ-м, «мылъкушхуэ щызэкІуэ», цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ хуэзыщІэ нэгъуэщІ Іэнатіэхэм, хабзэр кьызэрыщыізэпаудыр кьыщІэгъэщыным кьаруушхэ екъэлІэн зэрыхуейр. Абы щыгъуэми кьэрычэтщІэ хьэлІэлхэр кІэлъыплъныныгъэ, кьэпщытэныгъэ зыхуэмейхэм пэІэщІэ щыІэпхъэщ. Кьэпщытэныгъэхэр нахуэу икІи «кьапщытэхэм зыхуэпащтэхэми я дежкІэ» гурыІуэгъуэу щытын хуейщ.

Следственнэ комитетым нобэ и пащхьэ кьит кьалэнхэр зыгъэзэщІэфынур зи Іуэхум фІыуэ хэзыщыкІ Іэщ Іагъэлъ Іэхэрщ.

Хабзэхъумэ системэм щыхуэхэм хуащІ дзыхьым хэгъэхъуэныр махуэ кьэс лэжьыгъэ гугъум и купщІэу щытыпхъэщ. Кьезэгъыркъым щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ илъэс бжыгъэкІэ зэхамыгъэкІыфыныр, жылагъуэм хьыбар нэпцІхэр щызэрагъакІуэу. Нобэр кьызэдэсым зэхэгъэкІа хуэакъым журналист КІуащ Тимур зэрыхэкІуэда щыкІэр. Следственнэ управленэм кьызэритымкІэ, экспертизэ зыбжанэ иджыри яухакъым, щІэпхъаджагъэ зрыщыІам теухуа гупсысэм хуэкІуэн папщІэ. Махуитху ипэкІэ и унэм щІыхьэжрэ пэт иубэржьащ «Мансур» мэжджытым и Іимам ЩІхьэныкъуэ Анзор, мусылъмэнхэм я деж, щІалэгъуаэлэри хэту, пщІэшхуэ щызиІэр. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм иджыри кьэс а щІэпхъаджагъэр зэхэгъэкІынымкІэ яляжьхэр кьэзыгъэлъагъуэ хьыбар жылагъуэм Іэрагъэхьакъым.

Республикэм и властхэр хьэзырщ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм сыт и ІъэныкъуэкІи дэІэпыкъуныгъэ иратыну, ауэ цІыхухэр зыгъэпІейтея щІэпхъаджагъэ инхэр псынщІэу сэтей кьэщІыпхъэщ. Ар Іэщ Іагъэм и пщІэм и щІыхьэтщ, дыщІигъужащ КЪБР-м и Іэтащхьэр.

И кьэпсэлъэныгъэм и кІэухыу КІуэкІуэ Юрий и фІэщ зэрыхуэр жиІащ Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэр КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм яхуэзэфІэкІ псори зэращІэнур республикэм и цІыхухэм я гъащІэр ящыгъэпсынщІэн, я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщын и Іъэныкъуэкіэ. Следственнэ управленэр кьэралым щынэхъыфІу 20-м хохьэ, ауэ, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, зыхущІэкъун хуейр пашэхэрщ».

Следственнэ подразделенэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыным щыІэ ныкъусаныгъэхэм кьытеувыІащ КЪБР-м и прокурор **Жариков Олег**.

Коллегием и лэжьыгъэм хэтащ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэкмкіэ министру КЪБР-м щыІэ **Васильев Сергей**, Урысей ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Усов Олег**, УФ-м и Следственнэ комитетым кьызэгъэпэщыныгъэ-инспектор управленэ нэхъыщхьэм я щхьэ щыгъуэншагъэмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Щепкин Николай**, УФ-м и ФСИН-м и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Маржохъу Мухьэмэд** сымэ.

Доклад нэхъыщхьэ ищІу кьэпсэлъащ Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Іустэ Валерэ**.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

Сурэтхэр **Елкъан Артур** *трихащ.*

● КЪБР-м и Парламентым

Гъатхэ лэжьэгъуэр яубзыху

КЪБР-м и Парламентым и гъатхэ сессием и япэ зэІуІщэр мазаем и 5-м зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Хабзэзбыху орган нэхъыщхьэм и Унафэщ Егоровэ Татьянэ.

АР КІЭЩІУ кьытеувыІащ гъэ кІуам и жэпуэгъуэ - дыгъэгъаэз мазэхэм кьриубыдэу Іуэхущ Іапі эм зэфІигъэкІахэм.

Егоровэ Татьянэ жиІащ 2014 гъэр я кьэралым, республикэм дежкІэ Іуэхугъуэ дахэ куэдкІэ гъэнщІауэ зэрыщытыр. Абыхэм ящыщщ КЪБР-м и Іэтащхьэр, Парламентым и депутатхэр зэрыхахар.

- Депутатхэм я зэхьыхэгъуэщІэр щытыкІэ гугъум иту лэжьэн щІэздзами, дэ тхузэфІэкІащ ди кьару зэхэтлъхьэу, илъэсым и кІэм ехьулІэныгъэфІэкІ кьэдгъэпсынъуэн. Дызэрыт илъэсым ди лэжьыгъэр дгъэмэщІэну ди мурадкъым, - жиІащ Егоровэм. - Парламентым и зэхьыхэгъуэщІэм политикэ парту 5 хэтщ. ГугъэфІхэр уэзыгъэщІхэм ящыщщ ЩІалэгъуалэ палатэр. Дыщогугъ абы хэтхэм ди ныбжьыщІхэм я Іуэхур ягъэкІуэтэну, иджырей щІалэгъуалэм щІэгъэкъуэныфІ яхуэхъуну.

Зи гугъу ящІ пІалъэм кьриубыдэу КЪБР-м и Парламентым щыхэплъэну федеральнэ унафэхэм я проект 579-рэ кьагъэхьати, и нэхъыбэм арэзы техъуащ. Егоровэ Татьянэ кьыхигъэщащ гъэ кІуам щыху 700-м нэблагъэм зыкьызэрыхуагъэзэр. Ахэр кьызытекІуэхьар узынщагъэр хъумэнымрэ лэжьыгъэ Іэнатіэ яІэнымрэщ.

Парламентым и Унафэщым кьыхигъэщащ депутатхэмрэ муниципальнэ Іуэхущ Іапі эхэм щылажьэхэмрэ жыдэжру Іуэху зэдащІэн хуейуэ кьызэриІыратэр.

- Дызэрыт илъэсым Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ кьызэрыщытхьрэ илъэс 70 ирокъу. Дэ гулъытэншэу зы ветерани кьэдгъэнэнукъым, абыхэм екъэлІауэ зэфІэха мыхьауэ кьэна Іуэхухэр ипкІэ дгъэкІуэтэн хуейщ, - захуигъэзащ абы кьызэхуэсахэм.

И псалъэхэм я кІэухыу Егоровэ Татьянэ жиІащ ди кьэралым и Іэтащхьэм кьиІуэтэн папщІэ властым и кьудамэ псори зэдзлэжьэн зэрыхуейр.

КЪБР-м и Парламентым и лІыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт **Ульбашев Мухьэрбий** кьыщыпсалъэм 2014 гъэм зэфІэгъэкІахэм я гугъу ищІащ. 2015 гъэм и федеральнэ бюджетым и гугъу щищІым абы жиІащ зэман мытынышм дызэрыхуэкІуэр, кьэрал мылькум и Іыхьэ ин зэрытрагъэкІуэдэнур гугъуехьхэр ягъэщбэным.

Урысейм и хэгъэгухэр мылькукІэ зэхуэдэу кьызэгъэпэща хъун папщІэ ди республикэм хухаха ахъшэр 2014 гъэм елъытауэ сом мелуан 230-кІэ нэхъыбэщ. Ульбашевым и гугъу ищІащ бюджет Іэнатіэм Іутхэм ират улахуэм щыщу республикэм сом мелуан 407-рэ кьызэрыратжьынум, школым щыкІуэну ныбжьым нэмысахэм зэрадэлажьэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ федеральнэ мылькум кьыхэкІыу сом мелуан 50 кьызэрыхуатІыпщынум.

Депутатхэр арэзы техъуащ КЪБР-м и бюджетыр 2015 гъэм зыхуэдэнум, 2016 - 2017 гъэхэм тещІыкІыам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным. КЪБР-м финансхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Лыхъ Заур** кьызэригъэлъэгъуамкІэ, зэхъуэкІыныгъэхэр кьашащ Налшык щыхуэну перинатальнэ Іуэхущ Іапі эм текІуэдэну мылькур зэрыхъунур ГъэтэмэмаУэ унафэм и гуэдзэным кьыщагъэлъэгъуэн хуей зэрыхъуам. 2015 гъэм а Іуэхум республикэ бюджетым кьыхэкІыу хухахынур сом мелуани 175,7-кІэ нэхъыбэ хъунурэ, псори зэхэту абы текІуэдэнур сом мелуан 457,4-м нэблагъэнущ.

ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани мы гъэм и щыІшылэ мазэм сом мелуан 1.288,7-рэ федеральнэ мылькум ирагъэгъэзэжауэ щытащ. ИщхьэкІэ зи гугъу ящІа зэхъуэкІыныгъэхэр унафэм хальхьэмэ, а ахъшэр ди республикэм кьыхуауатІыпщыкІынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Парламентымрэ суд Іуэхущ Іапі эхэмрэ щыІэ **Дыщэкі Мадинэ** и гугъу ищІащ «КЪБР-м и кьэрал дамыгъэхэм я Іуэхуэкі» унафэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным. Ахэр кьашащ «КЪБР-м щыхь зиІэ и кьеГъэлакІуэ» цІэ лъапІэр убзыхуным.

Депутатхэм кьызэдащтахэм ящыщщ «ЩІэнхабзэм и Іуэхуэкі» унафэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр.

Абы кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, илъэс пщыкІуиМ нэмыса ныбжьыщІэхэр мазэм зэ пщІэншэу музейхэм кІуэ хъунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.



Зауэр гъэувыІэным теухуа зэІуІщэ

Франджым и президент Олланд Франсуарэ ФРГ-м и канцлер Меркель Ангелэрэ дыгъуасэ Киев кІуащ. Ахэр Украинэм и президент Порошенкэ Петр хуэзащ икІи а къэралым щекІуэкІ зауэр къэзыгъэувыІэфыну Іэмалхэм теухуауэ епсэлъыпІащ.

КъэралитІым я унафэщІхэм нэхъ зытрагъэчыныхьар Іуэхур адэкІи апхуэдэу екІуэкІ зэрымыхъунурщ икІи абы теухуа я чэнджэщхэр къыхалъхьащ.

Киев кІуэн и пэ къихуэу, Олланд къигъэлъэгъуауэ щытащ а щыналъэм щекІуэкІхэм теухуа и Іуэху еплъыкІэр. «Украинэм зауэ щокІуэкІ. Абы Іэщэ лъащхэр къыщагъэсэбэп, мамыру псэуныр зи гуращэ, лажьэ зимыІэ цІыхухэр махуэ кьэс щыхокІуадэ. А псор зи лажьэр Урысейрауэ жаІуэ, абы санкцэхэр худагъэгъуэва щхьэкІэ, иджыри кьэс увыІакъым Украинэм щалажь залымыгъэр», - жиІат Франджым и президентым. Апхуэдэуи абы ибзыщІакъым Украинэр НАТО зэгуэхьэныгъэм хагъэхьэныр Франджым и гуапэ зэрымыхъунур. «ЩІхьэтчу дэтхэнэми жетІэн хуейщ ди Іуэху еплъыкІэр. Дэ арэзы дызытемыхъуэхэри щыщІэдуфэн щыІэкъым. Франджым зытетыр апхуэдэ хабзэрщ», - кьыхихъэщащ Олланд.

Егъэлеямэ, сытри зэранщ

Японием уэсышхуэ дыдэ кьызэрыщесым а къэралыр гугъуехьхэм хидзащ.

Уэсым и кууагъыр сантиметр 40-м щыфІэкІа щыІэпІэхэр мащІэкъэым. Абы кьыхэкІыу, Іэмалыншэ мыхьауэ, я уней автомобилхэмкІэ цІыхухэр гъэзгу темыхьэну кьыхураджэ щыІпІэ унафэщІхэм.

Уэсыр кьэхьылъатэкІэ лажьэхэми зэран яхуэхъуащ. Ханэдэ, Фукокэ аэропортхэр зэхуащІащ икІи абыхэм яГъэзащІэу щытахэм ящыщу рейс 46-рэ зэкІэ кьызэтрагъэувыІащ. Уэсыр мывыІэу иджыри зы жащ-мазэхэкІэ кьесыну кьалъытэ синоптикэм икІи Іуэхущ Іапі эхэри щыхуэзэрыгыну чэнджащ ират.

И къулыкъум токІ

Канадэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхмкіэ и министр Бэрд Джон и къулыкъум текІащ.

«Сызыпэрит къулыкъум кьысхуигъэув кьалэнхэр вэсамахуэ зыщхьэщысхьажа кІэщ. Иджы Оттавэ и парламентым сыкьызэрыхэкІыжым теухуа тхыльым Іэ тездзэмэ зэфІэкІащ», - жиІащ Бэрд икІи а Іэнатіэм иужькІэ увыжыну зэримымурадри кьыхихъэщащ.

♦1918 гъэм Урысейр григориан махуэзэпсым зэрыхуэкІуэмкІэ декрет кьыдэкІащ.

♦1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщІэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦КЪБР-м и цІыхубэ артистка **Тэмазэ Маржэнэт** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦СССР-м узынщагъэр хуэмэныкІэ и отличник, КЪБР-м и цІыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, журналист, дохутыр **Пщыкъ Латмир** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

♦Егъэджакіуэ, сабий тхакІуэ, журналист **Остроргорский Алексей** кьызэралъхурэ илъэси 175-рэ ирокъу.

♦Композитор, продюсер **Матвиенкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэ темыз-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи вакъэр зэвмэ, дуней псор зэв къыпщещІ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Іуэхугъуэ зыбжанэм хоплъэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Іуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зи чэзу зэІуІщэ. «КЪБР-м и гъэзэщІакІуэ органэм я деж щыІэ Жыларгуэ советхэр хэмыплъауэ хэщІэ мыхъуну хабзэзбыху актэмрэ нэгъуэщІ дафэхэр пІэужьыныгъэхэмрэ хиубыдэжэ убзыхун» проектым и Іуэхукіэ къэпсэлъащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис. Абы къыхигъэщащ илъэс къэс кьащтэ республикэ бюджетым къищынэмыщІа, адрей дэфтэр псори проектым зэрыхиубыдэр.

2015 гъэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэзхэр мафІэсым щыхъумэным и Іуэхукіэ проектым тепсэлъыхьащ КЪБР-м щыІуэпс хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр **Газаев Мухьтар**. ЗэпсуцІэм хэтхэм гу лъатащ проектым ныкъусэныгъэ зэрыхэлъым. Апхуэдэуи министерствэм район администрацхэм я пщэ кьалэн куэдыІуэ дилъхьэу кьиІыпащ. Мэзхэмрэ губгъуэхэмрэ мафІэсым щыхъумэным и Іуэхукіэ щІыпІэ администрацхэм нэхъыщхьэу ялъэжьын хуейр цІыхухэм абы теухуауэ гъэсэныгъэ-ущиныгъэ зэІуІщэхэр драгъэкІуэкІынырщ, чэнджащ иратынырщ.

Правительствэм и Унафэщым Газаевым кьалэн щиІащ проектым хэплъэжу зыхуей хуигъэзэжыну.

КЪБР-м и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м «Курыт егъэджакІуэмкІэ КЪБР-м щыІэ кьэралъ, муниципальнэ Іуэхущ Іапі эхэм щыхьэм зэрыкІуэ фащэ хэха щыгъэувыным теухуауэ» кьищта унафэм кьару имыІэжу кьэлъытэным теухуа проектыр кьигъэлъэгъуащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуаэлэм я Іуэхуэхмкіэ министр **Емуз Нинэ**. Проектыр къащтащ КЪБР-м «Егъэджэныгъэм и Іуэхуэкіэ» и законым 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м КЪБР-м и Парламентым зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхилъхьам кьыхэкІыу.

КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныгъэ зэрыщытыр. Абы и Іуэхуэкіэ и управленэм егъэгъуэтыпхъэ зэхъуэкІыныгъэхэм тепсэлъыхьащ абы и унафэщІ **КІуарашын Анзор**.

- Управленэм зэхъуэкІныгъэхэр щыдубзыхуащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ. Нэхъыщхьэу дыкьызыстеувыІэр Управленэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэныр. Абы Іэнатіэ щетыпхъэщ цІыху 15 - 18-м. Йку ит лэжьапщІэр сом мин 15-рэ сом 982-рэ ирикъунущ. Проектым теухуауэ чэнджэщэр кьытІэрихьащ КЪБР-м Финансхэмкіэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэхэм, Налшык кьалэ администрацым и кьэрал-правовой Іуэхущ Іапі эм кьабгъэдкІыу. Ахэр псори кьэтІысыпащ, - жиІащ КІуарашыным.

2015 гъэм федеральнэ бюджет лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэм кьыдэхуэ мылъкум щыщ республикэ бюджетым кьыщагъэсэбэпынущ, жьэн узыфэр гъэхъужьынымкІэ хущхъуэхэр кьащэхун папщІэ. Абы и проект зэхагъэуващ КЪБР-м и Правительствэм и унафэкІэ. КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ - узынщагъэр хъумэнымкІэ министр **Шэт Ирмэ** кьызэрыхигъэщамкІэ, Іуэхум хухахынущ сом мелуан 23-рэ мин 254-рэ.

2015 гъэм гьатхэпэм и 25 - 29-хэм Налшык щекІуэкІынущ тхэкІэондомкІэ цІыхухъухэмрэ цІыхубзхэмрэ я Европэ чемпионат. Абы зэрызыхуагъэхъэзырым тепсэлъыхьащ КЪБР-м спортымкІэ и министр **Хъущт Асльэнбэч**. Министрым жиІащ 2016 гъэм и Гъэмахуэ Олимп Джагуэм хэтынухэр кьыхахьынымкІэ а чемпионатым куэд зэрельытар.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къэралым и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ хъуэхъу

АДЫГЕЙ. *Урысейм и Пенсэ фондым и Іуэхущ Іапі эу Адыгэ Республикэм щыІэм егъэбыдылІа цІыху 29-м илъэс 90 юбилейр зэрагъэлъапІэм теухуауэ я Іэтащхьэм кьыбгъэдэкІ хъуэхъу кьаІэрыхьэнущ.*

ЮБИЛЯРХЭР Хэку зауэшхуэм и ветерансэ. Абыхэм кьадэкІуэу республикэр кьулейщ мазаем кьалъхуа нэхъыжьхэмкІи. Мы мазэм ягъэлъэпІэнущ зыр - илъэси 100, адрейр - илъэси 101-рэ зэрыхъур. Мейкъуапэ щыпсэу цІыхубзым и ныбжьыр илъэси 104-рэ зэрырикъури яІэтынущ.

Школхэри сабий садхэри зэхуащІ

АБХЪАЗ. *Вирус инфекцэ кьызэрежьам кьыхэкІыу, Абхъазым и школхэмрэ сабий садхэмрэ зы тхьэмахуэ зэхуакуКІэ зэхуащІащ.*

КЪАЛАЩХЬЭМИ хуэдэу, республикэм и районхэми школакІуэхэм я нэхъыбэр зэрысмаджэм кьыхэкІыу, тхьэмахуэкІэ карантин щагъэувын хуей хъуащ.

Актерхэми я нэхъыбэр сымаджэщи, Абхъаз къэрал драмэ театрми спектакльхэр щыгъэлъэгъуэныр кьызэтрагъэувыІащ.

Сымаджэщхэми поликлиникэхэми екІуалІэр нэхъыбэ хъуащ. Дохутырхэм цІыхухэм ягу кьагъэкІыж а узыфэм кьытримгъэзэжын папщІэ узынщагъэр хъумэныкІэ Іуэхущ Іапі эхэм зыхуагъэзэн зэрыхуейр. Сыхъум республикэ сымаджэщми карантин щагъэуващ.

Тонн мин 15-м щІигъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и парламентархэм Донецк ирагъэщащ ерыскьыхэкІ гуманитар тонн мин 15-м щІигъу.*

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и ЦІыхубэ Зэхуэсым и депутатхэм зэхалъхьа сом мин 200-м кьыщІэкІ ерыскьыхэкІ зэмылэІужьыгъуэхэр кьащэхуащ. Абы хохьэ курпІэ зэлужьыгъуэу 7, шыгъу, фошыгъу, хьэжыгъэ, сэхуран дагъэ, хадэхэкІхэр - псори зэхэту тонн 15,6-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Литературэм и пльэс 2015

Зи цIыхугъэр лъагэ,



МафIэдз Сэрэбий илъэс 80 ирокъу

ЦIыхум и уасэр наIуэ дыдэ щыхъур ар дунейм ехыжа нэужь. Ара къыщIэкIынщ Сэрэбий зыцIыхуахэм я гур щIышылэм и кIэм нэхъ лейуэ щIэплIейр. ЦIыхушхэм ущытхъуну тыншщ, гугъур абы и щапхъэм утетыныр. Щхьэж зэрыхуэзэфIэкIыу «щыIадыгэ» ди дунейм МафIэдз Сэрэбий лъэпкъым и пащхьэм гъащIэ пщэрылъыр зэрыщихьам ирипльэну хуейкэр абы и тхыгъэхэм ящыщу нэхъ гу зылъытапхъэхэмрэ и хьэлым щыщу удэплъеину нэхъ зыхуэфащэхэмрэ дигу кIыщыдгъэкIыж напэкIуэцIкэр яхуэзыгудох.

Щ Iэныгъэл I Iэзэ, тхакIуэ телъыджэ

МафIэдз Сэрэбий Хьэжмэстафэ и къуэр 1935 гъэм щIышылэм и 23-м Джэрмэншык къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэм ебланэ классыр къыщиуха нэужь, щIалэр Налшык дэт педучилищэм щIотIысхьэ, еджэныр негъэсри, 1954 - 1955 гъэхэм Джэрмэншык школым егъэджакIуэу щолажьэ. 1955 гъэм МафIэдзыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щадж и къудамэм щIотIысхьэ, 1960 гъэм ар диплом плъыжькIэ къеухри, щеджа школым егъэджакIуэу егъэзэж.

1967 гъэм МафIэдзыр Лъэпкъ музейм и щIэныгъэ лэжьакIуэщ, 1968 гъэм - Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэныжкIэ зэгухьэныгъэу республикэм и Министрэхэм я Советым епхауэ лажьэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм жэуап зыхь и секретарщ. 1969 гъэм МафIэдзыр Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-хъэхутакIуэ институтым ирагъэблагъэ. 2000 гъэм щегъэжьауэ - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ кафедрэм и профессорщ.

СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и унафэкIэ, Миклухо-Маклай и цIэр зезыхьэ Этнографие институтым МафIэдзым тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр кхъыхуегъэфащэ 1974 гъэм: Мамбэт Хьэлым и унафэм щIэту МафIэдзым утыку кхрихьащ адыгэхэм я джэгукIэхэмрэ ар хабзэм зэрыпщIамрэ теуха диссертацэ. А илъэс дыдэм дунейм кхыпехьащ МафIэдзым и IэдакъэщIэкI япэ тхыдэ повестыр: «ЩIакIуэфIыцIэ».

1981 гъэм щэкIуэгъэм и 21-м СССР-м и Министрхэм я Советым и унафэкIэ МафIэдзым «этнографие» Iэщ IагъэмкIэ «щIэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэ» цIэр къыфIащащ. 1983 гъэм тхакIуэм и Iэдакъэ кхыщIэкIащ «Хьэщ Iэ махуэ» тхылъыр.

1990 гъэм гъатхэпэм и 11-м СССР-м и Министрхэм я Советым и Аттестационнэ Комиссэ Нэхъыщхьэм и унафэкIэ МафIэдзым Гарданов Б. и нэIэ кхьытету игъэзэщIа доктор диссертацэм ипкъ иткIэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор цIэр кхыфIащащ. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэшхэр теухуат адыгэ хабзэр ныбжькIэрэ зэрызэIэпах щыкIэм. 1992 гъэм дунейм кхъытохьэ Урыс-Кавказ зауэм техуа «Гъыбзэ хуэфащэт» романыр.

МафIэдз Сэрэбий СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэт, Къандурым и Дунейпсо саугъэтым и лауреатт. ЩIэныгъэлIым Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ кратащ: 1998 гъэм щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зэрыхэлэжьыхьам папщIэ; 2002 гъэм - щIэныгъэмрэ техникэмрэ щIиэ екъулIэныгъэхэм япкъ иткIэ. МафIэдзым и Iэдакъэ кхыщIэкIащ тхылъи 6-рэ щIэныгъэлI тхыгъэу 100-м щIигъурэ. 1994 гъэм абы адыгэбзэкIэ кхыдигъэкIащ «Адыгэ хабзэ» тхылъыр, ардыдэр езым 2000 гъэм урысыбзэкIэ зэридзэкIыжащ: «Адыгэ: обычаи - традиции» РФ щIыгъуэм щIэту. 1998 гъэм дуней къытехьащ «Мыщэ лъэбжьаныр» романыр.

МафIэдзыр лъэпкъ хабзэмрэ тхыдэмрэ зэрфIэзыгъэувэж щIэныгъэлIт, и кхъхутэныгъэхэр литературэ лэжьыгъэхэмкIэ цIыхубэм ятыгъэIэсу. Иджыблагъэ, тхакIуэм и махуэщхьэ ирикъэлIэу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм МафIэдзым и повестхэмрэ рассказхэмрэ щызэхэхьэсыжа тхылъ кхыщыдэкIащ.

И унагъуэм хэсу. *1996 гъэ*

МАФIЭДЗ Иринэ:

Адэ цIэрыIуэм срипхъуу зэи зыхэсщIакъым

«Ди адэр хабзэм тепсэлъыхьу икIи тетхыхьрейуэ щыта щхьэкIэ, езым абы щыщу кхъыхихыр щыхуэм къатемыхьэлъэныкъуэ фэрыщIагъ щыземыкIуэмрэт. Адэ-анэм ядэтлъэгъуам лъабжьэ хуэхъуар тIуми езыхэр кхъызыхэкIа унагъуэхэм щызэхалъхьахэм зэрыпащэра кхъыщIэкIынт. Мамэ унэгушэ дыдэт: унэкIуэцI гъашIэр абы щIэсхэм ящыгъэпсынщIэн - арат ищIэ псоми и купщIэр. Ди щIэныгъэри, узынщагъэри, джэгукIэхэр нэгъуни ди адэм пщэрылъ зыщицIыжат. Сыт хуэдиз щIыпIэ сызэрыщIыкIурэ срагъэджэну е дохутыр кхъзагъэплъыну сашами, сыт щыгъуи си адэм и Iэпэр сIыгъыу си нэгу кхъыщIохьэж».

СЭРЭБИЙ зыцIыхуахэм ар ягу кхъыззринар лIы зэпIэзэрыт нэшхъхьейфэщ. А нэщхьеягъэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр хэлым, гъэсэныгъэм епхауэ кхыпфIэщIми, и кхъежапIэ дыдэр унагъуэм ягъэ кхихъуа сабийм и натIэ хъуа гъащIэ гугъурщ. Зэщхьэгъусэхэм я щыпэлъагъуам сабийм, иджыпсту и гукъэкIыжхэмкIэ кхыддэгуашэ Ирэ, етIуанэ классым щIэсу дохутырэр теплъэкъуKIри, и нэм имылъагъуж хъуащ. Iуэхур зыIут дыдэр кхыщащIар Iэмал псори яIэщIэкIа нэужщ.

- Зэгуэрым тыкуэным дыщIэту гъущI сом сIэпыхуат. Ирэ си гъусэти, кхыщтэжыну щыхуежьэм, нэкIэ кхимылъыхьуэу зэрыIэбрабэм гу лъыстащ. ГужьеиГуэт ар. И адэм жесIэу сымаджэщым дынэса нэужь, нэ дохутырым дież дагъэкIуащ. Хьэрфхэр кхрегъэлъагъу, Ирэ щымщ. «Мыр сыт, школым кIуэрхъэ, еджакIэ имыщIэу ара?» - щIэупщIащ дохутырыр...

Мы тхыгъэм хьэрфу итым хуэдиз нэпс Iэпощэщ псори кхъызэрекIуэкIар жызыIэж и анэм. Бын гуэзвэгъуэм хахуэ ищIа бзылъхугъэр сабийр зыщIагъэгъуэлъхьа Ленинград сымаджэщым лэжьапIэ Iуувэри илъэскIэ Iэпыдзлъэпыдзу щытащ, хъыджэбз щыкIуи и пэщым щIагъэхьэн щхьэкIэ. Адэ-анэм операцэхэм я нэхъ гуэльеиГуэри яшэчащ: хъыджэбз цIыкIуи и щхьэр зэтрахауэ щытащ, и нэм илъагъу хъужьи щхьэкIэ зы Iэмали къамыгъэнэн папщIэ. Ирэ и кIэлъыплъакIуэ дохутырми жиIауэ зэрыщытащи, МафIэдз Сэрэбий нэ узыфэхэм ятеухуауэ доктор диссертацэ хупхыгъэкIынт, и пхъум къеуэым хэкIыпIэ хуэпльыхьуэрэ апхуэдизкIэ куэд зригъэщIати.

Абдеж кхыщыщIдзауэ унагъуэр елIэлIащ еджэнкIэ зызымыгъэнщI дэтхэнэ зыри зыхуэпабгъэ тхылъым Ирэ пэIэщIэ дыдэ ямыщIыным...

Нобэ Ирэ нэкIэ щыщIэныгъэ зиIэхэм я тхылъ хъумапIэм щолажьэ. «Ди телефоным зигъэпсэхуркъым», - жи и пхъур пщэдджыжь къэс лэжьакIуэ зышэ анэм. Дэлъхум къешэж. Псалъэрэ зэхэщыкIрэ тхурикъуну пIэрэ, зэрыцIыкIурэ тхылъыр зымыгъэтIылъа, диплом плъыжькIэ университетыр кхъзыуха, библиотекэм щылажьэ цIыхубзыр игурэ и щхьэрэ зэтелъу, ГъащIэм щыгуфIыкIыу зыгъэпсэу къарур кхридгъэлъэгъуэну?..

Университетым и пэкIэ, Ирэ еджэкIэ зригъэсэн папщIэ, зи нэм сэкъат зиIэхэр щагъэаджэу Нартсанэ дэт интернатыр кIиуэхащ. АрщхьэкIэ тхылъ псори Брайль и алыфбейкIэ тхауэ щыIэтэхъым.

«Ди адэр тхылъ кхъсуджэж зэпытт си сабиигъуэм. Сэ сыкъызэмыщджэфхэм кхъсхуеджэрт. Ауэ сытым дежи сызыгъэгъуэзэр, си адэр зэрацIыхуэм кхъхэкIыу, университетым кхъзмылэжьа дамыгъэ щысхуагъэувынкIэ зэрыхьунурт. Зэгуэрым папэ сеупщIащ: «КхъызумыгъащIэу сэ щхьэкIэ ущылъэIуа кхъхуа?». «Зэи сылъэIуакъым», - кхъызжиIат.

Магнитофон здихъурэ лекцэхэр езыгъэтх Ирэ, унэм егъэджакIуэхэм жалар кхыщиритхыкIыжырт. Абыхэм ящыщ зыгуэр кхъзэрыгуэзвари гъэщIэгъунт: иримыгъэтхамэ арат...

Ирэ и нэгум, дунейм и теплъэ щхьэхэкIэплъыкIэр зэран зыхуэмыхъу и нэгу кхъбзэм, и адэр лIыхъжь кхъэмыланджэу щIэтщ. Абы щIэх-щIэхьэрэ игу кхокIыж Сэрэбий адрей адэхэм кхъзэрыщхьэщыкIыу щытар. «Интернатым лъагъунлъагъу накIуэ адэхэм я бынхэм ежалIэурэ зыдрадзеймэ сехъуапсэрт. Ди адэм игъэдахэртэкхъым цIыхухэм укъалъагъуу уи гуриIэр кхъбгъэлъэгъуэныр. ИужькIэщ кхъыщIэгурыIуар абы ибзыщI адэ гулыитэр, лъагъуныгъэр сэ сызэхьэпсахэм кхуэдкIэ ефIэкIыу зэрыщытар.

Зэгуэрым сабийхэр автобускIэ зыщIыпIэ дашэрт, адэ-анэхэри ди гъусэу. Егъэзэхыгъуэ гуэрым деж шоферым автобусыр кхъщигъэувыIэри икIащ, гулъэфыр Iуидзэн кхъщыгъупщэри. Автобусыр езыр-езыру Iуащхьэм ежэхьи щIидзащ. Папэ икIэмкIэт зэрысыр. А зэманым иджыри маршынэ диГэтэкхъыми, кхъехъэкIыкIи ищIащэртэкхъым. Сытми, зэрыгъэкIий макъым хэту шоферым и тIысыпIэм бгъэдалъэдэри, мывэ блыным хуэзыунэтIа автобусыр зыгуэрурэ кхиГэувыIат».

Унагъуэм ар кхущащIар сабийхэм я егъэджакIуэ бзылъхугъэр Сэрэбий щылажьэ институтым фIыщIэ псалъэхэр кхыIурыщIэу кхэпсэлъа нэужьщ...

«Илъэс щэщIым сынэблэгъат, унагъуэ сихьэн Iуэхур кхыщыхъеям. Си мурадыр кхыщIэгъащIэм, кхъызэупщIащ:

- Уэ пщIэрэ лIы дэкIуэу зы цIыхубз зэи насыпыфIэ зэрымыхьуар?

- Мамэ-щэ?

- Мами хъуакъым.

Иджыщ кхыщызгурыIуэр а псалъэхэм кхикI дыдэр. Лей кхыстехьэнкIэ зэрыгузавэм укъыфIэкIмэ, и щхьэгъусэ кхалэнхэр зэригъэзащIэмкIэ и щхьэ зэрэкуэмыазрэзыж зэпытырт, фIы дыхуигъэзэн папщIэ зэи и къару щымыисхьа ди адэр.

* * *

***Мыр хьэлъэщ, щхьэжагъуэщ, гупсысэгъуэщ. БлэкIам ди гъащIэм, ди псэукIэм, ди зэхэтыкIэм тетхыхьа псоми зы жьэу жаIэ адыгэ хьэл-щэным, адыгагъэм я нэхъыщхьэ дыдэу зэхуэныгъэр, пэжыгъэр, цIыхугъэр, лIыгъэр щытауэ. Ар ехьэлIат унагъуэ хабзэм, цIыху щхьэзакъуэм деж къыщыщIэдзауэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэми - ар ирезэгурыIуэкIэ, ирепсэзэпылъхьэпIэ, ирезауэ IэнатIэ, ирехьэщIагъэ, ирены бжьагъуагъэ. ИкIи апхуэдэхэр щIатхыр гуапэ ящIын щхьэкIэтэкъым, фэрыщIыгъэм къыхахыу аратэкъым. Нэхъыжьым пщIэрэ щIыхьэр хуэщIынырэ, адэ-анэр жьым зэнырэ, бзылъхугъэр гъэлъэпIэныр, абы и напэр, и щIыхьыр хъумэныр адыгэлIым дежкIэ Iэмал зимыIэт, абы щхьэкIэ и гъащIэр итынуми, и псэр хилъхьэнуми.*

МАФIЭДЗ *Сэрэбий.*

Дэлъху нэхъыжь

«Мыр ди шыпхъу закъуэрац, хуэфощэн хуэдизу тхуэгъафIэрэкъым армыхьумэ», - арат Сэрэбий зыгуэркэм саткъыщригъэцIыхукIэ жиIэр. ДыщцIыкIыми зы пэш зэдзэгуэшти, и Iэдакъэщ Iэкl пасэхэм сэращ япэу щIэдзыIар. «Уэри зыгуэр тхы!» - жиIэурэ сыхигъэзэкыт. УнагъуэкIэ ямылейуэ адрейхэм дакъыхэщыртэкъым, ауэ щIэныгъэр сыт тынш тщыгъащIар жыпIэмэ, щIакхъуэ Iыхьэ къэлэжьыным егупсысын къалэныр унагъуэм тщхъащытакъым, дымыкъулейми, дыяхуеят дгъуэзыт. Ди анэр Лийхэ япхъут, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ лъэпкъ къызэрыхэкIар зэи игу имыхуу. Ар и цIыкIугъуэм сабий джэгуэхэм яхэтмэ, ди анэшхуэм щхуу кхыщышэрти, «Уэ абыхэм ещхьу хьэлыншэу ущыт хъунукъым», - кхъжриIэрт.

ХуэщIауэ псэухэм я мылъкур зэрытрахар зыльэгъуа ди анэм щIэныгъэр сыт щыгъуи игъэнэхъапэрт: «Фефдж, псори кIуэдыжынущ, щхьэм илъым фIэкIа зыри кхъэнэнукъым». Аращ Сэрэбий и щIэныгъэ Iэхуэхэр сыт щыгъуи игу дыхьэу, хуигъэщIагъуэу щIыщытар.

«Сэрэбий чэнджэщэгъу Iущт», - жыдоIэ нобэ, ди жьэ зэщIэтхыху. А псалъэхэм я мыхьэнэр кхущ. Сыт чэнджэщыр зищIысыр - асыхьэтым узыхуэныкъуэ акъыл, уэр-уэру уигу кхъэмыкIынырэ и щхьэ урилъыгу кхьыбблъым и псалъэ. Нэхъ кхъэзрыкIуэ Iэхъу дыдэ - унэ жьэгу, лэжьапIэ, уэрам Iэхъу ирехъу, - сыщытепсэлъыхькIэ гъэщIэгъэ Iэн гуэр кхъэхуэт Сэрэбийрэ сэрэ жьэтIам: «ПщIэрэ, Женя, а уэ зи гугъу пщIым теухуауэ мыпхуэдэ философым мыпхуэдэ лIэщIыгъуэм жиIауэ щытар?» «Ярэби, а кхомыр уи щхьэм дауэ ихуэрэ, жысIэмэ, «Ууейми, лейхэр идзи, псори ихуэнущ», - кхысIэщIидзэжырт. ЛэжьапIэ щыIэу дыз эпсалъэ хъумэ, «дауэ ущыт - сыхъарзынэщ»-кIэ уфIэкIынутэкхым, ауэ зэрыщыт дыдэр епшажьэуи ифIэфIтэкхъым: «Абы фIэбгъэкIмэ, уэри сэри ди лэжьыгъэр кхэнэнущ», - жиIэрт.

ГъэщIагъуэну Сэрэбий хэлъхэм ящыщу абы и щхьэри и Iэри зэхуэдэу фIыуэ зэрылажьэр. Сэ, псалъэм папщIэ, щIыхьэу Iэщ Iагъэхэр сфIэфIы. Мывэ згъэжьныи, хьэлъэ къэсIэтыни ззэусыгъуэджэкъым. Сэрэбий гъущIми пхъэми хуэIэзэт, и унэр езым и Iэкl зэтриIэхьажащ, абы Iуигъэува бжьахь нэгъунэ и Iэкl кхъхибзыкIат.

Гуп дыздыхьихьэми, хьэщIэу сахуэкIуэми, сытым дежи псалъэ Iэфl гуэр кхысIыирэсырт: пщыгъэр уокIу, мыр хуэзэу жьипIат, пщIат жиIэу. Езыр унэ щхьэхуэу зэрыгъэсыжар, щхьэгъусэ зэригъэтар зэи ди зэхуаку гъунапкъэу кхыдэувакъым, нэхъри нэхъ унагъуэшхуэ, нэхъ пльэщ, нэхъ зэхуэIэфI дицIа фIэкIа.

СИДАКЪ Женя, *Сэрэбий и шыпхъу.*

СЭРЭБИЙ, сэ кхыззрысщыхъумкIэ, цIыхур гъэсэныи, ущиниим, фIымрэ Iеймрэ зэщхьэщихыфу кхэгъэхъуэным хуэгъэпса, хуэлажьэ тхакIуэщ. Пэжщ, абы уриздауэ хъунущ: литературэм и кIалэн пажэхэм ящыщщ гъэсэныгъэмрэ ущиныгъэмрэ? АтIэмпи, кхысщохьу а кхалэныр литературэр зыгъэпудэжи яхухэмыбжэну. Псом хуэмыдэжу ар щхьэпэщ а литературэр кхызыхуагъэщIыж лъэпкъыр апхуэдэм щыхуэныкъуэм, щыхуэпабгъэм деж.

IУТIЫЖ Борис, *КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ.*

МАФIЭДЗЫМ и тхылъхэр иджыри поплъэ зэпкърызыхьифым, тхакIуэм ди литературэм щIыгъэ увыпIэр зыхуэдэр кхъзэхуэтэфыи, абы и лжьыгъэм хуэфащэ пщIэ хуэзыщIыфыи критик набдзэгубдзапльэ.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер, *КъБР-м и цIыхубз усакIуэ.*

СЭРЭБИЙ и дэтхэнэ тхыгъэми убгъуауэ зэтесылъыхьыфынущ. «Адыгэ хабзэ» тхылъым фIэкIа и Iэдакъэ кхыщIэмыкIами, МафIэдзыр къэплъытэ хъунут и лъэпкъым зи мы-кIуэдыжыну тыгъэ лъапIэ хуэзыщIыфа цIыху гъуэзэджэу.

ДУМЭН Хьэсэн, *тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор.*

ТХАКIУЭМ и романхэм я мыхьэнэр, я пщIэр, я екъулIэныгъэр зыщщылъагъупхъэр адыгэхэм лIэщIыгъуэ псокIэ ирагъэкIуэкIа лъыгъажэм и пэжыр, и щытыкIэ нэсыр, и екIуэкIыкIа дыдэр, кIэ зимыIэж а зауаем и бэлыхьхэр зи фэ дэкIа лъэпкъым и цIыху кхэмылэнджэжэхэм кхъалъхьэкIа лIыгъэр; лъагъуныгъэ кхабзэр; яхэлъа хьэлщэн тельыджэхэр; зи хэкур зарагъэбгнахэри зи адэжь щIынальэм кхинахэри зэрыпхъуакIуэ гущIэгъунщэхэм лъэгуажьэмыщхьэу зэрахуэмыгъэувар; хамэ щIыпIэ кхикIа зэрыпхъуакIуэхэм я псэм и пэ я пщIэмрэ я щIыхьымрэ ирагъэщу зэрапэщIэтар кхъызэрыщигъэлъэгъуэжарщ.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей, *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик.*

Ныбжьэгъухэм я псалъэ

ЛIЫГЪЭ ин пхэлъын хуейщ уигу иримыхь кхыбжезыIэм нэмысрэ пщIэрэ хуэпщIын щхьэкIэ. ЗыумысыжынкIэ адыгэм ажалу кхытфIэщIми, зыузмысыжынщи, сэ МафIэдз Сэрэбий хэлъа лIыгъэм хуэдэ дэтхэнэ Iэхуу сызыIущIэмкIи схэпльыну укъэзгъэгугъэфынукъым.

ГЪУТ Iэдэм, *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

И ЯПЭ тхылъым щегъэжьауэ тхыдэм теухуа прозэр МафIэдзым и хъэтI хъупат. Лъэпкъым и блокIамрэ литературэмрэ фIыуэ зыльъагъуэм Сэрэбий я пащхьэ ирилъхьэфащ пэжыр дахэу кхыщыгъэлъэгъуа сатыр гукъинэжхэр. 1994 гъэм кхыдзкIа «Адыгэ хабзэ» тхылъыр щIэныгъэлIым и иужьрей лэжьыгъэ абрагъуэу кхэплъытэ хъунущ. Щэч хэлъкым тхакIуэм, щIэныгъэлIым и IэдакъэщIэкIэр, езыр лIа нэужьи, илъэс куэдкIэ дунейм зэрытетынум.

ЕФэНДЫ Джылахьстэн, *жылагъуэ пэжьакIуэ.*

* * *

Хабзэр щыгъын къежьагъащIэкъым, хьэщIэхэр къридзэпхьахыну, Iэнэм зэрыбгъэдэс щэнкъым, - дуней тетыкIэщ, гупсысэкIэщ, гъащIэ бгъэдыхьэкIэщ. Фадэм нэхъ бий кIэуфIыцI иIэ хъункъым хабзэм. Куэдрэ сигу кхокIыж хамэ къэрал щыпсэу си зы ныбжьэгъуэ и псэльафэ: «Адыгэ бысымым узэрыщIыхьэу фадэ кхыпхутригъэувэмэ, пщIэ кхыпхуимыщIу аращ кхызэрыбгурыIуэн хуейр: ефи зегъэхь, аращ уэ узыхуеиIр».

МАФIЭДЗ *Сэрэбий.*

Жэуапыншэ уищIынутэкъым

И къуэрылъхуэху Динэрэ Линэрэ.

СЭРЭБИЙ «дадэ» щыхъуа лъэхъэнэм кхупщхьэуэ иIэт. Куэдрэ лъэсу кхикIухьыну хэтми, махуэ гуэрым пIэм хэгъуэлъхьэныр кхыытекIуащ. Ар зи гуапэ мыхъуа Динэ цIыкIу (Сэрэбий и кхъэ Мурат и хъэджжбзитIым я нэхъыщIэр) адэшхуэм бгъэдыхьэри жиIащ:

- Дадэ, иIэ дыгъэджэгу!

- Сыт дыззрыджэгнур?

- Уэ у-Динэу, сэ сы-Дадэу!

- ДыззгурыIущ.

Хьэджжбз цIыкIур пIэм гъуэлъэр:

- Динэ, кхъыIэ, кIуэи псы кхъсухэхь, - жиIащ. «Динэ» тэджри псыхэз кIуащ...

Зэрызэшыпхъум нэмыщI икIи зэныбжьэгъуу кхэтэджа пщащэхэм Дадэ теухуауэ зыгуэр жаIэныи яфIэиргъуэт, ауэ зыхэпщIэр куумэ, псалъэхэр щылей куэдрэ кхохъу.

«Дадэ кхызэрытхэмытыжым нобэрей ди гъахьщIэр фанщэ ещI. Ар чэнджэщэгъу тельыджэт, уэршэрэгъу тэмакъкIыхьт, дэIэпыкъуэгъу гумащIэт. Гугъущ абы блэкIа зэманым иту утепсэлъыхьыну, ар икIи гурыIуэгъуэщ: унагъуэми, благъэхэми, ныбжьэгъухэми, зэ фIэкIа зымыльэгъуа цIыхухэми ар зэи ягу ихужыну кхъыми, псэу хуэдэу я нэгу щIэтыну. Дауэ уигу ихужын дэтхэнэ цIыху гъэсами дамыщIу ин хэлъэгъуэ. Ар кхъыфIащащ. 1983 гъэм тхакIуэм и Iэдакъэ кхыщIэкIащ «Хьэщ Iэ махуэ» тхылъыр.

1990 гъэм гъатхэпэм и 11-м СССР-м и Министрхэм я Советым и Аттестационнэ Комиссэ Нэхъыщхьэм и унафэкIэ МафIэдзым Гарданов Б. и нэIэ кхьытету игъэзэщIа доктор диссертацэм ипкъ иткIэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор цIэр кхыфIащащ. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэшхэр теухуат адыгэ хабзэр ныбжьэгъэ зэрызэIэпах щыкIэм. 1992 гъэм дунейм кхъытохьэ Урыс-Кавказ зауэм техуа «Гъыбзэ хуэфащэт» романыр.

МафIэдз Сэрэбий СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэт, Къандурым и Дунейпсо саугъэтым и лауреатт. ЩIэныгъэлIым Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ кратащ: 1998 гъэм щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зэрыхэлэжьыхьам папщIэ; 2002 гъэм - щIэныгъэмрэ техникэмрэ щIиэ екъулIэныгъэхэм япкъ иткIэ. МафIэдзым и Iэдакъэ кхыщIэкIащ тхылъи 6-рэ щIэныгъэлI тхыгъэу 100-м щIигъурэ. 1994 гъэм абы адыгэбзэкIэ кхыдигъэкIащ «Адыгэ хабзэ» тхылъыр, ардыдэр езым 2000 гъэм урысыбзэкIэ зэридзэкIыжащ: «Адыгэ: обычаи - традиции» РФ щIэныгъэм щIэту. 1998 гъэм дуней кхъытехьащ «Мыщэ лъэбжьаныр» романыр.

МафIэдзыр лъэпкъ хабзэмрэ тхыдэмрэ зэрфIэзыгъэувэж щIэныгъэлIт, и кхъхутэныгъэхэр литературэ лэжьыгъэхэмкIэ цIыхубэм ятыгъэIэсу. Иджыблагъэ, тхакIуэм и махуэщхьэ ирикъэлIэу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм МафIэдзым и повестхэмрэ рассказхэмрэ щызэхэхьэсыжа тхылъ кхыщыдэкIащ.

Адэ цIэрыIуэм срипхъуу зэи зыхэсщIакъым

«Ди адэр хабзэм тепсэлъыхьу икIи тетхыхьрейуэ щыта щхьэкIэ, езым абы щыщу кхъыхихыр щыхуэм къатемыхьэлъэныкъуэ фэрыщIагъ щыземыкIуэмрэт. Адэ-анэм ядэтлъэгъуам лъабжьэ хуэхъуар тIуми езыхэр кхъызыхэкIа унагъуэхэм щызэхалъхьахэм зэрыпащэра кхъыщIэкIынт. Мамэ унэгушэ дыдэт: унэкIуэцI гъашIэр абы щIэсхэм ящыгъэпсынщIэн - арат ищIэ псоми и купщIэр. Ди щIэныгъэри, узынщагъэри, джэгукIэхэр нэгъуни ди адэм пщэрылъ зыщицIыжат. Сыт хуэдиз щIыпIэ сызэрыщIыкIурэ срагъэджэну е дохутыр кхъзагъэплъыну сашами, сыт щыгъуи си адэм и Iэпэр сIыгъыу си нэгу кхъыщIохьэж».

СЭРЭБИЙ зыцIыхуахэм ар ягу кхъыззринар лIы зэпIэзэрыт нэшхъхьейфэщ. А нэщхьеягъэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр хэлым, гъэсэныгъэм епхауэ кхыпфIэщIми, и кхъежапIэ дыдэр унагъуэм япэу кхихъуа сабийм и натIэ хъуа гъащIэ гугъурщ. Зэщхьэгъусэхэм я щыпэлъагъуам сабийм, иджыпсту и гукъэкIыжхэмкIэ кхыддэгуашэ Ирэ, етIуанэ классым щIэсу дохутырэр теплъэкъуKIри, и нэм имылъагъуж хъуащ. Iуэхур зыIут дыдэр кхыщащIар Iэмал псори яIэщIэкIа нэужьщ.

- Зэгуэрым тыкуэным дыщIэту гъущI сом сIэпыхуат. Ирэ си гъусэти, кхыщтэжыну щыхуежьэм, нэкIэ кхимылъыхьуэу зэрыIэбрабэм гу лъыстащ. ГужьеиГуэт ар. И адэм жесIэу сымаджэщым дынэса нэужь, нэ дохутырым дież дагъэкIуащ. Хьэрфхэр кхрегъэлъагъу, Ирэ щымщ. «Мыр сыт, школым кIуэрхъэ, еджакIэ имыщIэу ара?» - щIэупщIащ дохутырыр...

Мы тхыгъэм хьэрфу итым хуэдиз нэпс Iэпощэщ псори кхъызэрекIуэкIар жызыIэж и анэм. Бын гуэзвэгъуэм хахуэ ищIа бзылъхугъэр сабийр зыщIагъэгъуэлъхьа Ленинград сымаджэщым лэжьапIэ Iуувэри илъэскIэ Iэпыдзлъэпыдзу щытащ, хъыджэбз щыкIуи и пэщым щIагъэхьэн щхьэкIэ. Адэ-анэм операцэхэм я нэхъ гуэльеиГуэри яшэчащ: хъыджэбз цIыкIуи и щхьэр зэтрахауэ щытащ, и нэм илъагъу хъужьи щхьэкIэ зы Iэмали къамыгъэнэн папщIэ. Ирэ и кIэлъыплъакIуэ дохутырми жиIауэ зэрыщытащи, МафIэдз Сэрэбий нэ узыфэхэм ятеухуауэ доктор диссертацэ хупхыгъэкIынт, и пхъум къеуэым хэкIыпIэ хуэпльыхьуэрэ апхуэдизкIэ куэд зригъэщIати.

Абдеж кхыщыщIдзауэ унагъуэр елIэлIащ еджэнкIэ зызымыгъэнщI дэтхэнэ зыри зыхуэпабгъэ тхылъым Ирэ пэIэщIэ дыдэ ямыщIыным...

Нобэ Ирэ нэкIэ щыщIэныгъэ зиIэхэм я тхылъ хъумапIэм щолажьэ. «Ди телефоным зигъэпсэхуркъым», - жи и пхъур пщэдджыжь кхъэс лэжьакIуэ зышэ анэм. Дэлъхум кхъешэж. Псалъэрэ зэхэщыкIрэ тхурикъуну пIэрэ, зэрыцIыкIурэ тхылъыр зымыгъэтIылъа, диплом плъыжькIэ университетыр кхъзэуха, библиотекэм щылажьэ цIыхубзыр игурэ и щхьэрэ зэтелъу, ГъащIэм щыгуфIыкIыу зыгъэпсэу къарур кхридгъэлъэгъуэну?..

Университетым и пэкIэ, Ирэ еджэкIэ зригъэсэн папщIэ, зи нэм сэкъат зиIэхэр щагъэаджэу Нартсанэ дэт интернатыр кIиуэхащ. АрщхьэкIэ тхылъ псори Брайль и алыфбейкIэ тхауэ щыIэтэхъым.

«Ди адэр тхылъ кхъсуджэж зэпытт си сабиигъуэм. Сэ сыкъызэмыщджэфхэм кхъсхуеджэрт. Ауэ сытым дежи сызыгъэгъуэзэр, си адэр зэрацIыхуэм кхъхэкIыу, университетым кхъзмылэжьа дамыгъэ щысхуагъэувынкIэ зэрыхьунурт. Зэгуэрым папэ сеупщIащ: «КхъызумыгъащIэу сэ щхьэкIэ ущылъэIуа кхъхуа?». «Зэи сылъэIуакъым», - кхъызжиIат.

Магнитофон здихъурэ лекцэхэр езыгъэтх Ирэ, унэм егъэджакIуэхэм жалар кхыщиритхыкIыжырт. Абыхэм ящыщ зыгуэр кхъзэрыгуэзвари гъэщIэгъунт: иримыгъэтхамэ арат...

Ирэ и нэгум, дунейм и теплъэ щхьэхэкIэплъыкIэр зэран зыхуэмыхъу и нэгу кхъбзэм, и адэр лIыхъжь кхъэмыланджэу щIэтщ. Абы щIэх-щIэхьэрэ игу кхокIыж Сэрэбий адрей адэхэм кхъзэрыщхьэщыкIыу щытар. «Интернатым лъагъунлъагъу накIуэ адэхэм я бынхэм ежалIэурэ зыдрадзеймэ сехъуапсэрт. Ди адэм игъэдахэртэкхъым цIыхухэм укъалъагъуу уи гуриIэр кхъбгъэлъэгъуэныр. ИужькIэщ кхъыщIэгурыIуар абы ибзыщI адэ гулыитэр, лъагъуныгъэр сэ сызэхьэпсахэм кхуэдкIэ ефIэкIыу зэрыщытар.

Зэгуэрым сабийхэр автобускIэ зыщIыпIэ дашэрт, адэ-анэхэри ди гъусэу. Егъэзэхыгъуэ гуэрым деж шоферым автобусыр кхъщигъэувыIэри икIащ, гулъэфыр Iуидзэн кхъщыгъупщэри. Автобусыр езыр-езыру Iуащхьэм ежэхьи щIидзащ. Папэ икIэмкIэт зэрысыр. А зэманым иджыри маршынэ диГэтэкхъыми, кхъехъэкIыкIи ищIащэртэкхъым. Сытми, зэрыгъэкIий макъым хэту шоферым и тIысыпIэм бгъэдалъэдэри, мывэ блыным хуэзыунэтIа автобусыр зыгуэрурэ кхиГэувыIат».

Унагъуэм ар кхущащIар сабийхэм я егъэджакIуэ бзылъхугъэр Сэрэбий щылажьэ институтым фIыщIэ псалъэхэр кхыIурыщIэу кхэпсэлъа нэужьщ...

«Илъэс щэщIым сынэблэгъат, унагъуэ сихьэн Iуэхур кхыщыхъеям. Си мурадыр кхыщIэгъащIэм, кхъызэупщIащ:

- Уэ пщ

зи адыгагъэр щыпкъэ

И къуэ Мурат и гъусэу.

Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ къудамэм. *1987 гъэ*

Хъыбарыжьхэр Думэн Хьэсэн и гъусэу етхыж. *1978 гъэ*

Тхьэгъэзит Зуберрэ МафІэдз Сэрэбийрэ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІуІэм хэтщ. *1968 гъэ*

Си нэм и нэху, си нэм и нэпс

МафІэдз Сэрэбийрэ Людмилэрэ. *1962 гъэ*

ГуфІэгъуэри гуІэгъуэри зэтехуэу
Зэрызыхащіэм зы ищІахэм,
Гу зэхуэщІыным и Іэфыр
Зэманым зыхуигъэбзгъуахэм
Ящыщ зэпсэгъуэхм яз лЭжрэ
Гъусэу иІар и закъуэу къанэм,
Дунейм ехыжаращ къелар,
Адрейр... псэ Іутми, лІа пэлъытэщ

Инд усыгъэм щыщ

«Сэ щІэныгъэшхуэ збгъэдэлъкъым, сызэжаишхуэ щыІэкъым». - апхуэдэущ зэрызэтепсэлъыхьыжыр Сэрэбий и унэгуащэр. ТхакІуэ щІэрыІуэхэм я щхьэгъусэхэр тхыдэ щхьэхуэу литературэм хэтщ. Псалъэм щхьэкІэ, Толстой Лев фІыцуэ зыцІэагъуэр абы и щхьэгъусэ Софье хуэарэзыкъым: зиужьжьыну гукъэкІыж гъэщІэгъэнхэр иужькІэ утыку кьурихьэжами, и лІым зэрэгкІыу щыта Толстой-гуащэмрэ абы и щхьэгъусэ щІэрыІуэмрэ зэпсэгъу «эмыгуэгъуэхм» я щапхъэ литературэ тхыдэм къыхэнащ. Нэхъ гуащІэжщ Пушкин Александр зи псэ хэлъхэм я гукъеуэр. Урыс усакІуэщхуэр зытекІуэда и щхьэгъусэр «псэ чэнжу» зэрыщытар фІэуану. Цветаевэ Маринэ «Наталья Гончарова» лжьыгъэм щетх: «Пушкиныр езыр щы зыІуэти, къылъысар зыри зимыщІыс дыдэт: изым - зыри... Щуэгъэ (щхьэгъусэ) мыхьэнэншэт? Хьэуэ, ешыхьэм нэхъэр нэхъ Іейтэкъым. Анэ мыхьэнэншэт? Хьэуэ, фІыуэ ямыІэгъу щхьэгъусэм дагъуэт сабийхэр зыпІхэм нэхъэр нэхъ Іейтэкъым. Пушкиныр щаухІами гъащ».

ЇЭГЪУЭЩІ зыгуэрт Мандельштам Осип и щхьэгъусэ Хазинэ Надеждэ. Лъэхъэнэ гугъум и лыхьэжьым ирихьа Мандельштам зищІыс дыдэр щІыхуэкІэ ныбжьыкІэ жьыджэрщ - щІалэмэ жьыми Іэхутхьэбзэкіэ яхуэжанщ. И хьыджбзыр пщэдджыжь къэс лэжьакІуэ ешэ, хуопщафІэ, и унэр зэрехьэ, къуэрыІъухэм я хьыбарыр и тхьэкІумэм икІыркъым. Кьалэн щыІэхэу - псэущ. КъэбгъэувыІэмэ - къэхъуар иджыри къыгурымыІуэна нэхъей, Сэрэбий фІыуэ зыпІъэгъуэхэм якакІэлъэежьых, жагъуэгъуу иІахэм яхуоцхыдэ, дунейм ехыжам текуауэ фІы жызыІэм хуэарэзыщ, ар зыщІыгъупщар езыми зыщІагъэгъупщэ. ХущІэмыхьэху, насыпыфІэщ. Илъэс плІыщІрэ блыкІэ зыдэпсэуа щхьэгъусэм зэрыхуущытым егупсысыну хунэсакъым. Дауэ узэрыхущытыр уэ пщыщ Іыхьэм? Іэ ижьыр фІыуэ пльагъурэ? Е сэмэгур? Ар пытщ, уимыІэу хъунукъым. Гу лъыпІэн хуэдизу узмэ, къыбгурІуэну кьыщІэкІынщ уимыІэу зэрымыхьынур, сыт щыгъуи ппытыну узэрыхуейр, ар зэи уи жьэ къыжьэдэмыкІамии.

Сэрэбийрэ Людмилэ иджыри университетым щызэрыщІыхуахэщ, ауэ я насыпт зэхэпчу гурыщІхуэ къыщыкъуэкІар ІІури щызэдгалажьэу щыта Джэрмэнэшык школыщ. Биологиер зи щІэныгъэ Людмилэ и адэр Налшык дэт школ пэрытхэм я зыи и унафэщІт, езыр дзлъхуитым я шыпхъу нэхъыщІэт. Сэрэбий зэкъуэшищмрэ шыпхъу закъуэмрэ я нэхъыжьэт. Мэздзэгу адыгэхэм ящыщ Людмилэ и дежкІэ Сэрэбий щІалэфІэхэм яэхъэз къудейуэ екІуэкІащ, ТІуми ирагаджэ класс гуэрым кьалэн пыухыкІэкІэ щхьэщагъэуэху. «Сабийхэм зэрахуущытыр, абыхэм зэрепсалъэр, езыхэр кьаэзрыхущытыжьыр слъэгъуа нэужь, сэри а сабийхэм ещхь сыхъуа си гугъэщ», - къыІэпхуащ Людмилэ зы гукъэкІыж кІапэ, «лъагъуныгъэ романтикэм» теухуауэ зыгуэр зэхэтхьынгу гугъэ хэтхьажа нэужь. «Реализмэм» щыщу апхуэ Ирэ игу къэкІыжащ ялпэ дыдэ и адэр и анэм «щецыхъар» Гагарин Юрий хъэрышм щыІьэта махуэр зэрыарам. «Нобэ цыху псори зэІыхьлыщ, Гагариныр космосым лъэтащ!» - къыгъэнэІуащ Сэрэбий и гумащІагъым и щхьэусыгъуэр. Ауэ усэ кІыхуеджэнкІэ зэи хуэмыхуакъым. А лъэныкъуэмкІэ гулъытэ зэхъуэжьыр Маяковский Владимирт...

Зэгуэрым Сэрэбий зыгъэпсэхуакІуэ кІуат, и къуэшхэм яэыхэз и гъусэу. И гурыІъ кІыІуэтэ зи мыхабзэ Сэрэбийм хамэ псэуркІэри хамэ шхэнри апхуэдизкІэ иужьгъуати, махуэхэм яэыхэзым къыфІыдирхуащ: «Ярэби, схуапщІафІ сшхыуэ си унэ щхьэ сыщІэмысыжьарэ?» ЛІыр къыщыгъэуу емыса Людмилэ ар щыжраІэжьым, къыщыпІэтэри и Іитлыр иІэтащ: «Я Алыхь, си щхьэгъусэр къысхуэарэзыуэ зы щапхъэ сиІэщи, зэхэпхэ?»

Я Алыхь, пщэдджыжь къэс ипхъу набгъэр лэжьакІуэ зышэ фызабэр пльагъурэ?.. Дуней нэхуэ хуиту зымыльагъу а хъыджэбзым и дыхьэшх макъыр зэхэпхэрэ?.. МафІэдз Сэрэбий Пушкинтэкъым, Толстойм нэхъри нэхъ цыкІыгъэкІынщ, ауэ Пушкинми Толстойми кьемыхъулІар хуэзэфІэкІащ. «Кіэхьмыи кІэщІми, насыпыфІэт си гъащІэр», - жеІэ Людмэ, псалъэхуэхуэ кьригажьэр нэпс нагъэщІэкІэ иухыжу. Сыт узэрыхуэпсэфынур и нэм и нэхур, и нэм и нэпс зыхуэхъуа бзыльхугъэм?

«Уи егъэджакІуэр фІыр пэжмэ, щхьэ, нэгъэщІ мыхъуми, зы тхьилъ имытхарэ?» - хагъэзыхьащ зы усакІуэ цІэрыІуэ. «Сэ сритхьилъщ абы», - итащ жуэуап гъэсэнми. Мис МафІэдз Сэрэбий и тхьилъ кьащІэмыкІари: щабэу, гуапэу, щжэу, нэхуу, зыльлагъуи зыльмыгъэгъури кьеджэфын хуэдэу купщІафІэу...

ЧЭРИМ Марианнэ.

И Іэдакъэщ Іэкі хэм щыщхэр

«Эльбрус» тхьилъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ Мафіэдз Сэрэбий и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа «Уэрэд макъамэ» тхьилъыр. Ди щІэджыкІакІуэхэм гунэс ящыхъуну къыщохьу абы къитхауэ тхакІуэм и Іэдакъэщ Іэкі хэм щыщ Іыхьэхэр.

Уэрэд макъамэ

Плъагъуу уэрэджыІакІуэ Дало ТІулэ гупсысэгъуэшхуэм иІыгът, и щхьэм щІэтІахъуэ щІыкІэу. Зы лъэныкъуэкІэ, бззэрым тету уэрэд. Дауэ? Ар хъунт зы хьэгъуэлІыгъуэ, гуфІэгъуэ гуэртэмэ. И щІыхьыр, и щхьэ хуищІыж пщІэр. НэгъуэщІу и бынунагъэщхуэр. Нартыху путыр абы мазэ нэблагъэкІэ яхурикъунущ. Ныбэм, кьулейсызыгъэм уимыгъэщІэн щыІэкъым. ЦІыхухэм къагупсысащ. ГупхъэтІэкІымрэ гу лъэмыжымрэ зэрымышынэ щхьэкІэ, гупхъэтІэкІум ирауКІэ втуІкІэм зэхуэдизу зэпыгъэлІыкІауэ гъущІ кІапсэ пІащІэ ираІъэфри, лъэныкъуитымкІи къытрагъэшэж. Абы втуІкІэм пащІэ зытет лъэныкъуэм ирибгъэкІэрэхъуэну гъэшауэ къу ирагъэзэгъыжащ. Пхъэбгуэм жэз тхьэмпэ траІуІэщ, Іэбжьэ нэхърэ кІыхьэ, зэпэплІимэу джэлэс хауКІэжри, нартыху ириззтебуд хъуэз Іэ щхьэп ящІащ. ВтуІкІэр джэлэсым фІэпІэхьэ, нартыхуІэбжьыбэ ипкІутуэрэ гъэкІэрахъуэ, нэгъуэщІ хэлъхьым. Апхуэдэ щхьэл щІыкІу и ныбжьэгъу урыс гъуКІэм хуищІауэ ТІулэ иІэщ.

Мыдрейуэ и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэгурыІуэрэ нартыху путым и зэхуэдитІыр ящэмэ, я щІалэ нэхъыжьым щыгъын джафэ гуэрхэр кьыхуащэхунт. ЛІы хъуами, ар хьэджафэ шырым ещхьщ, щыгъынныджкэщи. ЩІалэр фІы дыдэу йоджэ, зыри зытримыгъакІуэ. АрщхьэкІэ зыхэс къулыкъущІэ бынхэм зрапэсу зыхагъэхьэрэкъым, зэрыпщІанэм щхьэкІэ. Езыри пагэщи, яхьыхэну хуэмейуэ, защедзэй. Япэхэми хуэдэу, зыльэкІхэм, къулыкъущІэхэм я бынхэр джэдыгу пІыргъкІэ, гуэнщэрыкъ гъуркІэ къэмыджэми, ар зэи ягу имыхуу, зыщІамыгъэгъупщэу.

ЩІыуолым есэпыр къащыгурымыІуэ, щахуэмыщІым деж а гупым Хьэзрэ1ил (ар иджмы комплэтерымкІэ Іэзащэ Мухьэрбэч и адэрт) занщІэу къагъуэтыж, хьэгъуэжь и быну къосхэри. Ауэ я Іуэху зэрызэфІэкІыу хъымпІар къащыжыкрыкым. Аращ, утхьэмыщкІэмэ. ЩІалэмэ, и щхьэ пщІэ хуещІыжри, закІэрищІэну хуейкъым. Абы зы кІэстум зэфІэт къыхуищэхуфатэмэ, ТІулэ дуней насыпу илъытэнт, щІалэри мыукІытэу, зимыпІытІ-зимыхэзу и гъусэхэм яхэтынт, и гупсысэкІэ, и акъылкІэ зэратекІуэм тету зыкъыдащІу, зыкъыдрагъэкІуу.

- ИІэ, щхьэ уущІт? - жиІащ ТІуш. - КъакІуэ, мы гум къыиуи, уи уэрэдыр ешажьэ, итІанэ нартыху путыр ууейщ.

Данизэт гуІэрэ къыртыжу йоплъ и пэр пиІуэнтІыкІ хуэдэурэ гум дэпщей ТІулэ. Ерагъуу къыдришеиф къудейуэ абы жиІащ:

- КъхьІэ, хьэтыр фиІэу щытмэ, хуейкъым, щыгъэт.

Фызым и гущІэ пъапсэм зыгуэр къыщыпІэжьэжащ. Ар абы и ныбэм итІ сабийрт. Кьыслъыс лейм щхьэкІэ мэгуэавэ, къыздогуэавэ, игу къэкІащ Данизэт хьэзабыр зытралъхьам. Абы телъ бэлыхьыр имыщІэу, уэрэджыІакІуэ ТІулэ къыхедзэ «Губгъуэм ит тхьэрыкъуэр»:

- Уей, уей, уей, губгъуэм ит
тхьэрыкъуэр пэтрэ
АтІэ, гущэ, и щхьэ зыхуегъафІэрэ,
Сэ сыгъэфІэныншэу,
сызеиншэ къабзэу,
УэркІэ сыкъэнэну пІэрэ, уей?

Бззэрым тет цІыхур къыззэхуэжьэгъ, ТІулэ зэрыт гур къаувыкъу. АрщхьэкІэ уэрэджыІакІуэм адэкІэ пимыщІэу мардэфІ дигъэкІащ. ТІуш, къэгуэвэуэ, жеІэ:

- СлІо, щхьэ зэпыбгъэуэ?

- Хъунщ ар, - жиІащ ТІулэ, къызэфІэлІэну къэзыр фызым, Данизэт и нэгу кьыщІэхуауэ. - Мо бзыльхугъэм зыгуэр и лажьэщ.

- Сыт ибгъалэжьэнур? Зыри и лажьэкъым, уи уэрэдым дихьэха мыхъумэ. Жьыз, пышэ адэжь, - жиІащ ТІулэ.

Данизэт зыри зэхих хуэдэтэкъым. Аууей, аууей! Арат абы и бзэгупэм пыкІэрэхъуэхьыр. ТІуш зэрыгущІэгъэнышэжьыр Данизэт Іэджэ щІауэ къыгурІуат, ищІэрт, ауэ щІыху лажьэ зимыІэр апхуэдизу хуэгъэпудыну игъащІэкІэ и гугъэнтэкъым.

- Щхьэ ущцт, ей, ТІулэ! Уэшх щыІэм игъэдыкъа шыуэ! Ей, ТІулэ! - кІиящ ТІуш. - Ужейуэ ара?

- Сыжейркъым, ТІуш. Хъунщ ар.

- Хъунуи? Абы щыІэуэ уэрэдыр едзыгъуэ дапщэ хъурэ? Абы тещІыхьауэ нартыхур согуэшри, зы едзыгъуэ жьыпащІ, абы пэкІэгр узот. Апхуэдэ ТІуш делэ щыІэкъым.

Нартыху путыр зей лІым и дыхьагъыр къагурыІуауэ, щІалитІ-щІым, нартыху пут сиІэщ, жьыпІэу мыщІэбгъэпудыр, жаІэри ТІуш кхъужьпІыжь ящІыну зыкърачат, арщхьэкІэ зы тхьэмадэ Іэжьэгъу хъуащ:

- Зэ фымыпІащІт, щІалэфІхэ, Іэхьэкъур ивмыч. Ару щыхъуакІэ, мы псоми фІыуэ тпъагъ, зи макъыр зэкэтхьну тфІэфІ фІым щхьэж хуэзфІэкІкІэ зыщІрегъакъуэ, дреІэпыкъу. Ушэн зэхэдзэ нэхъро - Іыхьэ зэхэдзэ, жиІащ пасэрейм. Абы емыкІуи щхьэ пудыгъи хэлъхъум. Пыщэ уи уэрэдым, ТІулэ. ЩІэгъэдэІу мы цІыху фІыуэ укъэзыІьагъур уи макъ дахэм, - лІыжьым и бгъэгущалъэ жьыпм иІэбэри сомищ кърихащ, ар ТІулэ и пащхьэ ирелъхьэ. - ИІэт, дегъэдалуэт, ТІулэ, «Губгъуэм ит тхьэрыкъуэми», нэгъэщІ уэрэдэмэ.

ТІулэ Данизэт еплъщ, цІыху Іув зэхэтым еплъэжри, и гур къызэрыгъуэтыжащ. Зэрысабий лъандэрэ абы уэрэд жеІэ, ауэ нобэ хуэдэу цІыху куэдым я пащхьэ итакъым. Ар бэм фІыуэ къалъагъу. Абы нэхъ насыпт сыт щыІэ? ТІулэ уэрэд щІыжиІэнур ТІуш и нартыху путыркъым, атІэ абы къеджІэуэну къызэуэса мы къэмырщ. ИгъащІэм зэрымыгушхуауэ ТІулэ уэрэдыр къыщІидзэжащ, иришэжьащ:

- Уей, уей, уей, мы си пшынэ фІыщІэри
Уи щІэр къикІыурэ сэ согъэбзэрабзэ,
Уи бзэм и Іэфіагъымрэ, уи нэм
и дахагъымрэ
Си псэр дихьэхащ, си тІасэ, уей!

- Уей, уей, уей, си данэ бэлътокІэм
Дыщэ лыду уи щІэр ныхъыдэзэрэ,
Фи дежь сыкъамыдэ щхьэкІэ,
ди дежь уамыдэхэ щхьэкІэ,
Уэ сыкъыумыгъанэ, си псэ, уей!

- Уей, уей, уей, губгъуэм ит
тхьэрыкъуэ пэтрэ
Лъагъуныгъэ и гум къыполъэлъэрэ,
Уи гум сыкъыщІитхьыу,
си псэм ущІилъэфу
ДызэпумыгъэкІ, сэ си псэ, уей!
- Уей, уей, уей, мывэр си
пІэщхьагъыми,
АтІэ, гущэ, пшахъуэр си уэншэкуми,
Зы тепІэм дымыІэми, мывэзэшх
къешхами,
Губгъуэм сыбдисынщ, сэ си псэ, уей!

Уэрэдыр и кІэм щынэсым, Данизэт Іэгуауэшхуэм къызэщигъэуащ. Абы ильагъур пщыхьэпІэ хуэдэт. ЦІыхухэр зэрыгъэгушхуам ТІулэ къыхуэзхьэхьэсырт щхьэж игу пыкІыр. Зы щІалэ ес и ІэпкъльапкъкІэ ТІулэ ехьэхуэну кьищэхуэ адыгэ цей гуфІэм ириупщІэкІащ. УпщІэ пыІэ къом зыІыгъ цІыхубзым зэригъэса пыІэхэр зэщхьэщихри, хужьыбзэу зы къыхихащ, абы и кум иуэщ, тельащІыхьри ТІулэ хуигъэтІылъащ. Куэдыщэр гъавэхэкІ. Фызхэм литрэ банкІкІэ, арат нэхъыбэм гъавэхэкІ зэращэр, нартыху, гуэдз, джаш къахьуэр нартыхур ТІулэ и къэпым щхьэщакІутэ, гуэдзымрэ джэшымрэ цейр ябгъуауэ, щхьэхуэ-щхьэхуэу, абы и къуащІэхэм тракІутэ. Зым къуэрей хьэл, адрейм къуэрей плъыжь хъурей, ещанэм лы гъур Іыхьэ. Зыгуэрым ТІулэ и пащхьэм ирилъхьащ тхьэКІумэкІыхь укІа и зы кІэбдз лъакъуэ къыпынам цы тету. Мы псор зэхэзыубла тхьэмадзэм дэпльеІуэу, сом-сомитІ къэзыгъэтІылъхэри мащІэтэкъым. ТІулэ и Іыхьэ зэхэдзэр здэкІуэкІым, зы фызэ лъэІуащ:

- ТІулэ, кхъыІэ, уемышамэ, «Си къэшэн» уэрэдыр къыджелІэ!

ЦІыхухэр щІэлъэІуурэ «Си къэшэным» къыкІэлъыкІуащ нарт Бэдынокъуэ и пшынальэр, итІанэ - «Купсэ», адэкІэ - «Хьэцацэ», иужькІэ - «Нартыжь уэрэдыр». Псори зэщІэзтат. Бэдынокъуэ и пшынальэм ТІулэ нарт щауэ щІэхъуэкІат, и нэкІур дахэу зэІубгъауэ. Ар иджыпсту бзлэбанэу зыльпсатыу къъедарэхьэм ящт гъэдэтэкъым. ТІулэ зыдащІу, цІыхухьухэм я плІэр зэлъыуахьыт, я бгъэр зэгъэкІыпарт, нарт дыдэхэм ещхьу. Къаруушхуэщ уэрэдыр, ар хуэІэзэу, макъ дахэ зиІэм щыжиІэкІэ. Зы бзылъхугъэ дахэшхуэ, псоми нэ ирищу ТІуш къъихиГъэщхьэхуКІам, хъуапсэу жиІащ:

- ТІулэ, кхъыІэ, «Губгъуэм ит тхьэрыкъуэр» зэ къыджелэж! КъольэІур си закъуэкъым.

Данизэт фІыуэ илъагъу уэрэдым ар-гуэру зэ щедзІуэжьым, ТІуш къэгубжьауэ зэгуэчыным нэсат. Ар зыми кьыфІэІуэхуэтэкъым. Мы псор зэхэзэублар ара пэтрэ, ар зыми кьридзэртэкъым. Абы кьыдэкІуэу, ТІуш игу къэкІащ: игъащІэм абы зыхилъхьэ щІыэтэкъым зыхэт цІыхуэхэр нэ лейкІэ зригъэпльыныр, гу залъриГъэтэныр, ищІэфыр ярригъэщІэгъуэныр. Адрейжьм ямыщІэфыр ищІэмэ, ТІуш ЛІыгъэу ипльэтэт, ар ирезалымыгъэ, ирегущІэгъэуншагъэ. Арат щысабийм щыгъуэ джэджьейхэм я щхьэр къыщыфІиІуэнтІыкІыр, бабыщхэм я пэр щІыпиущэбыкІыр. ЦІыухэм закъыхэгъэпІиикІыныр арат Іэщым я натІэр уадэжьуэкІэ щІыпхиудыр. Арат ликбэым щыгъуэ егъэджакІуэхэр щІызэригуГъэпыр. Арат фыз дэгъуэшхуэм и бгъэм «уэсысыс» жиІэу щІыхьэбэнур. Аха ку хуэдэ. Арат мы псори ТІуш къыщІигупсысар, и щхьэгъусэ Данизэт абы езым и пэ ТІулэ уэрэджыІакІуэ фейцЭр зэрыригъэщым зэгуигъэпу. ТІуш ильытэрт, хьэуэ, ильытэртэкъым Данизэт цІыхуу, абы зыгуэрхэр фІэфІын, и гум ирихьын хуейуэ. Данизэт мы дунейм нэкууи напІэуи щІэн хуейр арат, ТІуШт, нэгъэущІыпІэкІэ емыпльэкІыу. Лажьэрхъым, пщІантІэркъым. Ар абы къызэриШам щхьэкІэ фІыщІэ мыухыжьыр къыхуищІыну и къалэнщ. ЕпІ, егъашхэ, ехуапэ. Мы ТІуш и хьэлыр, я гухэлъыр щІэужьыха иужькІэ, цІыхухъу куэдым яхэлъ мэхъу, я щхьэгъусэхэм я лэжьыгъэр лэжьыгъэу къамылъытэу, сабий зэрахьэр, унагъуэ зэрахьэр зыми щымыщу ялъытэу.

* * *

ТІУПІЭ цІыхухэм гукъыдэжу яритам щхьэкІэ хъыхуэзэхуахьэсар щІалэхэм хуэзэгъэзахуэ. Нартыхур зэрылъ ТІуш и къэпыр щхьэщапхыкІри цей къуащІэм тель гуэдзыр Іэбжьыбкіэ, зы хьэдзэ кІэрамыгъэхуу, щхьэщакІутэри, къэп щхьэпсыр якъузыжащ. Джэшыр, хэт ищІэрэ, жиІэу ТІулэ къыздищта хъурыныщхуэм ираКІутащ. Абы къъуей, лы, бжьын благъэхэр, тхьэкІумэкІыхь укІа, зи кІэбдзащ. Пы тетыр щхьэщалъхьащ. Поори хъарзынэщ. ТІулэ хъэхрэ-щІыхуэу и бынунагъэм яхуэкІуэжьнуущ. Ауэ мы псор абы дауэ зэрихьынур? ТІулэ и щхьэ щІэтІахъуэу зДэщытым, зы щІалэ гу лъитэри жиІащ:

- ТІулэ, сэ уэ фІыуэ узолъагъу, уи уэрэдхэр зыхэслъхьэ щыІэкъым. Уэрэд Іэджэми жаІэ, ауэ уэ пхуэдэу...

- НасыпыфІэ тхьэм уищІ, тІыкІуэ. ФІылъагъупІэ тхьэм ущІ.

- Иджы, - жиІащ щІалэм, - мыр уэ уи закъуэ пхуэхьынукъым. Сэ сыбдэІэпыкъунщ. Фи унэр сыбгъэльагъуэмэ, кІэгъэщІ хэлъкъым.

Ар жиІэурэ щІалэм къэпыр и щІыб ирилъхьащ, хъуржьныр Іэ лъэныкъуэмкІэ еубыд.

- Хьэуэ, щІалэфІ, хъуржьныр сэ къызэт. Си Іэхэр щІэзупскІэу...

- ЯгъэкІынкъым, накІуэ.

- АтІэ, нэгъэщІ мыхъуми, хъуржьныр зэпэдгъэубыд.

ЩІалэм къэпыр телъу, хъуржьныр ипс зырызымкІэ зэпаІыгъуу аехэр цІыхухэм щаехэкІыжьым, ТІуш якІэльтыгуоуащ:

- ТІулэ, а си къэпыр умыгъэкІуэд! Уэщыщхьэр здэкІуэм уэщыкІри дэкІуэу ар уэстакъым! ЕтІанэ гъэзгу сыкъакІуэмэ, кІэзэптыжьыщІ!

Данизэт уэрэджыІакІуэ ТІулэ здыкІэлъыпІъым зэгупсысыр ищІэртэкъым. А бззэр маХуэм иужькІэ, пэж дыдэу, ар гупсысэрилъ, щыгъупщэх хъуат, Мачэдинэ къыщІепсалъэкІэ, зыхуэйр, къыпиудыдыр нэсу къыгурымыІуэу. ТІушти, ар мы дунейм тету къримыдзэм ещхьт Данизэт. Апхуэдэу мазэ зыТІущ дэкІри, Данизэт лъхуГъэм иЛІыкІащ, и сабий къэгъам, Къантемыр, щыгуфыкІыхуэрэ «Губгъуэм ит тхьэрыкъуэр» гукІэ жриІэу.

ЛІыгъэ

Аслъэнбэч зэгуэрым парторгыу лэжьат, иджы ар къуажэ ефэндыщ. Псэ зэпылъхьэпІэу зауэ гуащІэм щыгъуэ «саукІ хъужькъуэмэ, коммунисту сыфІьытэ», - жиІэу партым хьихьаХэм ящыщт Фэлъыриш Аслъэнбэч. Ар фэрящІыгъэтэкъым икІи щхьэхуещагъэтэкъым. Абы щхьэкІэ Аслъэнбэч зыгуэрхэм яГъэІуІауэ хьэмэрэ хасъэзыхьауэ аратэкъым. И акъыл къызэриихкІэ егупсыса иужькІэ Аслъэнбэч фІэфІт икІи фІыуэ ильагъурт «коммунист» псалъэр, абы къэкІыжьа поори зэхуагъэдэн хуейуэ зэрыжаІэр. Нэхъыщхьэ дыдэр аращи, абы и псэм фІыуэ ильэгъуа, и псэр зыхьэхуа цІыху пэж, щІалэ хъыжьэ, лІы мэхъашэ куэд партым хэтхэу хэкум щхьэкІэ, щхьэхуитыныгъэм щхьэкІэ я гъащІэр зэратар и нэгу щІэкІат. Ахэр сыт хуэдэ цІыхухэт! Ящыныкъуэхэм деж Аслъэнбэч къыщохьу зауэм цІыхуфІу, лІы щыпкъэу щыІахэр ихьу, щхьэхуещхэкІэ, пщІыпщІышхэр, гъэпщакІуэхэр къэнауэ, кьелауэ. Ауэ езым ажалым зыпыІуидзауэ аракъым псэууэ къыщІэнар. КъекІэрэхъуэкІащ апхуэдэу. Зауэм псори иукІырркъым.

ЖьыхэнмэФ мафІэм къыхэкІыжу, езыгъезыру тхэкІэ, еджэкІэ зригъэщІа иужькІэ, парт унафэкІэ, щІэныгъэщхуэ имыІэми, нэхъ ипщэ мыІэбэфами, курс гуэрхэр къагъэхури, Аслъэнбэч я къуажэ гъунэгъум парторгыу ягъэкІуат. Хаха хуэдэу арат ІэяткІэ, ауэ абыхэми хэмыту яГъэуат. Махуэ зыбгъупщІ нэхъ мыльжьауэ, жэщыбгъыи и фэтэрым къыздэкІуэжам, абы и жыхафэгум гуэдз хьэжьигъэ хъэп псыгъуэ цІыкІу тетт, имыцІыху, хамэ хьэрфэмжкІэ зыгуэрэр тетхауэ, и щхьэр щымыпхыкІауэ, атІэ щыцдыкІауэ, жьжьэ кьыззэрышам и щыхьэту. Ар зауэ гуащІэм зэгурГъэхуа, щэржэлэджэ ищІа къэралым нэхъ къела къэралхэм я гуащІэрыпсэухэм, зэрахуэзфІэкІкІэ, я щІалкхъуэ Іыхьэм къыкІэрачурэ, я ныбэр яГъэныкъуэурэ зыкъыщІагъакъуэу арат. Зэманыр гугъущэт, мэжэщІалІэр куэдыкІейуэ. ЦІыхухм Іусу къахэунар щІэрыкІуэрэ шыпсыранэ лэпсрэт я нэхъыбапІэм.

- Мыри сыт зищІысыр?

- Ди тхьэ сымыщІэ. Зы лІы накъэшхуэ гуэрым кьихьри къигъэуваш. Сыт, хэт ухъуну? - сеупщІати, япэщІыкІэ дихьэшх нэпцІ зищІри жиІащ: ар Іэзукъым... ИтІанэ кьыщІигъужащ: сэ сызавхозщ... КъыфІимыгъэкІыу хьэмкІэшыгум зридзэри дэжьжащ.

Пщэдджыжьым Аслъэнбэч лэжьапІэм Іумыхьэ щыІкІэ колхоз амбарым кІуащ. Завхозри жьырыгэрт. Абы щыІэу сэлам ирихри, Аслъэнбэч щІэупщІащ:

- А ныжьбэ кІуам си деж нэпша хьэжьгъэ хъэпІар сыт? ФІыщІэ пхузощІыр. Абы ухэтын хуеякъым.

А псалъэхэм кьагъэгушхуаеу завхозым, пыгуфІыкІри, жиІащ:

- А-а, сыт абы хэлъ?

- Апхуэдэу председателми хуэпшащэхэнщ? - завхозыр а зэрыгуфІэт, ар гурыІуэгъуэщ, жиІэ нэхъей.

- Ревкомиссэми хуэпша? - завхозыр къуэІэбжьауэ Аслъэнбэч къепІащ.

- Бухгалтерми зыгуэрхэр ІъысасэнщІ... Уэри Іыхьэнщэ зыпщІагъэнкъым. Пэжкъэ?

Иджы завхоз накъэшхуэр и фэм ипщхьэжьыным нэсат. Мыбы председателыр гурыІуауэ и гугъати. ЖрИэн ар председателым зэриунафэр? Завхозым зытриубыдэнэр кьхуэхэмызгупсыс щІыкІэ, Аслъэнбэч жиІащ:

- АтІэ, къуэщ, иджыпсту мо шызакъуэгур зэщІэщІэ, си деж кьыщыщІэдзи, псори къыхэшыж аби, мо скІащІ щІэлъхьэж, ІункІыбзэ етыжи, ІункІыбзэІухэр сэ нысхуэхьыж. Нобэ щыщІэдзауэ узавхозыжкъым.

- Дауэ?

- Дауэ лъэпкъ хэлъкъым.

- Сэ жьыхэсІэр... махуэу, псори къыщІэплъу... жащ...

- Жэщкъым. Иджыпсту, псоми укъалагъуу, - тКІипуэ жиІащ Аслъэнбэч.

Ар колхоз председателым Аслъэнбэч къызэрыхуигъэгъуар къэщІэгъэфІэкъым. Зэрыщытар аркъэ, колхоз председателыр къуажэм пащтыкъ цІыкІум ещхьу зигъэпщу дэсу? Ауэ къуажэ щІыб хуъуарэ райкомым унэсамэ, адэкІэ обкомхэм, цкам умыІэбэхэи, абы щыгъуэ дэтхэнэ зы парт секретарми сыт хуэдэ председателри хьэ бжьыдзэу пхуитгъэпъэфынут. Парт къулыкъу гъэрытым, ар ирерайком, иреобком, атІэми ирецкаи щымышынэрэ зыхуэзмыгъэщхъэр, щепсалъэкІэ зи макъыр псыгъуэ мыхъурэ щыІэтэкъым, абы исполкомхэрэ министрхэри яхэту. Ахэр фІыуэ зыгъэунэхуа, зыщІэ председателыр, парт къулыкъу Іыгъыкіэкіэ Іэзэжьти, сытми, хуэмышэчу Аслъэнбэч зэхищІыкІын хуэдэу къриІуэкІащ:

- Сэри сылэжьащ парторгыу... ильэсищ енкІэ. Абы сыщытрагъэувам, мы дуней хьэхужьым и пІалъэ фІыуэ зыщІэ лІы губгъыгъэ гуэрым къызжиІауэ щытар пщІэ? «Мы ди къэралыгъэжьу сытри къызэдыщІыхъуэм, сытми хуэмыхейм къулыкъущІэхэр, къулыкъущІэшхуэхэр, хэІущІыІу ямыщІыщэу, гупищу яГуэш: А, Б, В... Ахэр, оу, алыхь-алыхь, Алыхьым уэзрелъэІунщ. Уетыр яГъэш, Іэлоуухьыр жраГъэІэ, дауи, тетыкуиІэ. Ящ и Іэмыщ1эм щхьэрэ лъакъуэри илъ. Къэралым и Іуэхур хуэхъумэ, efIакІуэмэ, ящІэр хъарзынэщ, жаІэр дахэщ. Кьеплъэкі яІэкъым. Мураду ящІыр тегушхуауэ пхагъэкІ, цІыху цІыкІур я тегъэщІапІэу, абы я щІэкІэ псори ялэжьу, а цІыхубэм щхьэкІэ я щхьэфэр трыраГъэхыну, лъэгущІыхь ирагъэщІыну жаІэу. Гъэр екъулІауэ гъавэ бэв къытрахами, щІэныгъэлІхэм Іэщэ бзаджэ гуэр къагупсысами, абы я фІыщІэщ. Ауэ къэралым и Іуэхур мыщІагъуэмэ, нэхъыкІэжьар араущи, шыпхэмэ, абы щыгуэрм ерыщ екІуауэ ящІэм тогушхуэ, ауэ жаІэм хуосакъ, хэмыбжьхэъуэн щхьэкІэ. Ар Іэджэ мэхъу. Б-хэр иджы. Б-хэм, алыхь-алыхь, жрамыгъэІэфми, я Іуэхур Алыхь лъапІэм узэрелъэІунщ. Жмарту загъэбегъымбар е мелыІыч залъытэж. Я пэжэр А-мкІэ къыщепщэ акъужьым етащ, теухуащ, зыгуэр къыззэрыщІэхуэу е къызэрехуэхьу, абы я лъэмбым иткІэну хъэзыру, абы я маршынэм зрагъэщІекІыу ису жэщкІэрэ пщІыхьапІэу ялъагъуу, махуэкІэрэ абы зыхуагъэпсыгъуэу. Мыдрей къулыкъущІэ хъыпришкІэ-нырищкІэхэр псори В-щ, ятеплъхьэр я хьэлъэу, бжьым щІэту мо А-ми Б-ми ятелажьэу. Мис а В-м, Аслъэнбэч, дэри дыхэтщ. Дыхуапсэу, фІынишэ щІэтлъхьауэ. А-ми, Б-ми деубзэу, я щордакъ лъагэм кьекІуэтхэрэ кьытхьыбамэ, дыщащІэ зыдудыгъуу, зыдущэхуу, тІэкІу кьытщытхуамэ, лъэгущІыхь, лъэгурыдз захуэтщІыну, лъапцІэу щ

Лыгъэм и гъуэгу

● ТекIэныгъэ-70

Нало Ахьмэдхъан

**Жыпlэ хъунукъым ди ныбжьэгъуфlу щыта Нало Ахьмэдхъан и гъащlэр тыныш, матэщlэдзауэ екlуэкlауэ. Гурыlуэгъуэщ абы и ныбжьым итахэр зыхиубыда революцю нэужь лъэхъэнэр шынагъуэу, псэзэпылъхьэпlэу зэрыщытар. Абы нэхърэ нэхъ Іеижт иужькlэ къежьа Хэку зауэшхэри, къэралым и лъэпкъхэм я щlалэгъуалэ псэуным, къэкlуэным зи нэ къыхуикlхэр мелуан бжыгъэкlэрэ Іэщэншэу зыlуакlутари, щхьэузыхь зыхуащlари. Насыпыншагъэу пыщlа и лъэныкъуэкlэ а тlум къаззрыкlэрыху щlагъуэ щыlакъым гугъуехьрэ мэжащlалlагъэрэ фlэкl ямылъагъуу цlыхухэр щылэжьа зэманри. Абыхэм языхэзми укъелиныр, уузыншэу, уи lэ, уи лъэ къэмыту укъызэтенэныр, уатекlуэу уи псэ, уи щхьэ, уи щlыхь пхъумжьыныр насыпу щыlэм я нэхъ инт, лыгъэт, насыпт. Нэгъуэщl зыри имыщlами, а псом къызэрыхэкlыфам, и щlыхь хэутэн иримыгъэщlу, лlыгъэ хэлъу зэрихъумжьыфа къудеим щхьэкlэ Ахьмэдхъан афэрым хужьыlэпхъэт, фlыщlэ жыг хуэсапхъэт.

НАСЫПЫР зищlысыр, зыхуэдэр цlыхухэм зэщхьу, зэхуэдэу къагурыlуэркъым. Язынык'уэхэм ар мылъкум, дыщэм халъагъуэ, адрейхэм къулыкъу лъагэм, унэ зэтетым, хамэ къэралхэм я машинэхэм ирапх. Ауэ, гъэщlэгъуэнракъэ, зи гугъу тщlахэм пэжыжьэу къэгъуэгурыкlуа Ахьмэдхъан насыпыфlэу, хэбгъэзыхьмэ, а псори ежьэлъэлъэхьжу, зэщlыгъуу зиlэхэм нэхърэ нэхъ насыпыфlэу зилъытэжыт. Гъащlэ гъуэгуанэ гугъу къэзыкlуа, абы и щытыкlэ нэсым фlыуэ щыгъуазэ, набдзэгубдзапlпэу кlэлъыплъ тхакlуэм къыгурыlуэрт куздыр зыгъэжаку къуа а цlуугъэнэхэр зэрыщхьэгъэпцlэжыр, япэ игъэувапхъэр уи щыхьыр пхъумжьныр, уи хэкум, укъызыхэкlа уи лъэпкъым къулыкъу нэс хуэпщlэныр, уи lэдакъэщlэкlымкlэ фlы пщlэуэ дунейм утетыныр зэрыарар. Зы мащlэкlэ сынэхъыщlэми, илъэс lэджэкlэ сэ Ахьмэдхъан сыщlыгъуащ, а lуэху еплъыкlэм ар текlауэ, абы епцlыжауэ сэ слъэгъуакъым. Цlыху нэсу, пэжу, зэ узытеува пэжым утемыкlыну утетыныр, пцlыlуэпцlышагъэр щытепщэ ди зэман гущlэгъунымэ ехьэкl хэмылъу ахэр щыбгъэзэщlэныр тынштэкъым, ахэр тыншкъым, хэбгъэзыхьмэ, абы нэхъ лlыгъэшхуэ ухуейщ, ар цlыху нэсым и нэщэнэ нэхъыфlэкъым ящыщ зыщ. Псори зэрыщыгъуазэщи, ди лъэхъэнэ зэlымыбзым, мылъкум, къулыкъым зыдрагъэхьэхри, зэманышхуэкlэ зытета lуэху еплъыкlэхэр, нэм къыщlэхуа нэбжьыщу къащымыхьуу, куздым яхъуэж, дэтхэнэ тхьэми щхьэщэ хуащlыну хьэзырщ, зыхуейр, я мурадыр къэхуlлэмэ. Зыщlыхь, и ныбжьэгъу, уеблэмэ зэ фlэкl зыхуэмыза дэтхэнэ зыми lлыгъэ хэлъу пэщlэтахэм ящыщ зыщ ар.

Анэдзлъхуб3эм и зэфlэкlхэр зэрыгъунакъэншэр, сыт хуэдэ гупсысэри дахагъэр пэжагъ нэсрэ хэлъу абы къэрипlуатэ зэрыхъунур бзэм триухуа и щlэныгъэ лэжьыгъэхэм нэхърэ нэхъ куужуи Ахьмэдхъан наlуэ къыщищlащ абы и lэдакъэ къыщlэкlа художественнэ тхыгъэ гъуэзэджэхэми. Ахэр нэгъэса хъуамэ, лъэпкъ тхыльеджэкъэм ягу, я псы дыхьамэ, lэпэгъу, чэнджащэгъу ящlамэ, ар зыкъомкlи зи фlыгъэр зэманыфlкlэ и анэдэлъхубзэм зэрелэжьарщ, абы и щэху куэд езым и щхьэкlэ къызэрызэlуихарщ, лъагъуныгъэ къабзэ абы зэрызхуlарщ.

Лъэпкъ тхылъеджэхэр зэрыщыгъуазэщи, япэ лъхъэнэм Ахьмэдхъан нэхъыбзу и lэдакъэ къыщlэкlахэр ауан, гушыlэ рассказхэрщ. Ахэр прозэм и напэкlуэцlыщlэщ, и хэлъхэныгъэщ жыгlэмэ, едгъэлеину къыщlэкlынкъым. А тхыгъэхэм я лlыхьужь щхьэхуэхэр апхуэдизу lэзагъэшхуэх хэлъу зэгъэпэщащи, зэ нэlуасэ захуэпщlамэ, ахэр гум кьоно. Апхуэдэжщ «Хьыжьэм» хэт БлатIэ, «Ди зэхуэдэ щхэум» и лlыхьужь Хьалил, «Урыху акъужьым» кхыхэщык Даут, нэгъуэщlхэри. Ауэ, дз къыззрытлъэтмкlэ, Ахьмэдхъан и къхутэныгъэ нэхъ ин дыдэр, и литературэ екъулlэныгъэхэр зэпхар Хэку зауэшхуэрщ, абы езым и фэ щыдэкlар, и нэгу щыщlэкlар къыщигъэлъэгъуэжа и тхыгъэхэрщ.

Ахьмэдхъан и къарум, и зэфlэкlым щепlлъыжащ прозэм и жанр нэхъ инхэми. Абы и lэдакъэ къыщlэкlащ повесть, роман гъэщlэгъуэнхэр, блэкlа зэманым, Хэку зауэшхуэм, нобэрэй гъащlэм теухуауэ, абыхэм щыщ дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ.

«Цlыхур цlыху щlыжщ» жаlэ адыгэхэм куэд щlауэ. Абы щlагъыбзэ, гупсысэ куу зэрыщlэлъыр нэсу къыдгурыlуэу къыщlэкlынукъым. Сэ зэрысщlэжрэ, Ахьмэдхъан зэи ныбжьэгъуныщу, цlыху лъагъуныгъэм пlэщlэу псэуакъым, абы къыпищlахэр, къыкlэлъыкlуэхэр куэд дыдэ хъурт. Псоми а я ныбжьэгъур фlыуэ яльагъурт, абы щыхуэзэр я махуэшхуэт. И фэеплъ нэхур зыхъумэфын лъэпкъ дыхьу!

ХЬЭКlУАЩlЭ Андрей,
КъБКъУ-м и профессор.

Урысей чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

● Пресс-конференц

«Акрополь» щэнхабзэ-нэгузегъэужьыпlэ центрым щекlуэкlащ СССР-м спортымкlэ щыхь зиlэ и мастер, СССР-м щыхь зиlэ и тренер, самбэмкlэ щэнейрэ дунейпсо чемпион Хьэпай Арамбийрэ абы и гъэсэн, КъБР-м самбэмкlэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Уэщхъун Сультlанрэ зыхэта пресс-конференц.

КъБР-м и командэ къыхэхахэм спорт зыгъэхьэзырыныгъэмкlэ и центрым и унафэщl Жаным Аслъэн зэлуlэр къызэlуихри, боевой самбэмкlэ Урысей чемпионатым зыхуэзгъэхьэзыр Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я командэ къыхэхахэм зэщlыгъуу зыгъэсэныгъэхэр я центрым зэрыщрагъэкlуэкlым журналистхэр щыгъуаз ищlащ. Дуней псом щыlэрыlуэ бэнакlуэ Хьэпай Арамбий абы кърагъэблагъащ тренер-чэнджэщакlуэу. Къэрал чемпионатыр мазаем и 17-м Красноярск щекlуэкlынущ.

- Ди лэжьыгъэр уэзщlауэ егъэкlуэкlыныкlэ сыткlи дыкъызэгъэпэщащ: зыгъэсэныгъэхэм папщlэ алыдж-урым бэнэкlэмкlэ, боксымкlэ пэшхэр тхухахащ. Спортсменхэр хьэщlэщым кlикlыу Спортымкlэ уардэунэм къззышэ транспорткlи дыкъызэрагъэпэщащ. Командэ къыхэхахэм я бэнакlуэхэр Урысей чемпионатым сыт и лъэныкъуэкlи хуэщlауэ, екlуу ирихьэлlэн хуейщ. Спортсменхэм яхуэфащэ Іэзагъ яхэлъщ, тренерхэр абыхэм ехьулlэныгъэхэмкlэ щогугъ, - жиlащ Хьэпайм. Абы къыхигъэщащ, самбэм халъхьа зэхъуэкlыныгъэхэм тепщlыхьмэ, лъагаnIэхэр зыlэрыбгъэхьэныр икъукlэ зэрыгугъур.

Уэщхъун СультIан зэрыжиlамкlэ, боевой самбэмкlэ Урысей чемпионатым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр щахъумэнщ Мэзмэт Исльамрэ Рустамрэ, Гугу Аззмэт, Кlэбышэ Анзор сымэ.

УАРДЭ Жансурэт.

● Шахмат

Джэдгъэф Чэмал ятокlуэ

Налшык къалэ и «Ладья» шахмат-шашкэ клубым щекlуэкlащ зи узынщагъэм сэкъат иlэхэм шахматхэмкlэ я ещанэ республикэ зэпеуэ. Ар къызэрагъэпэщащ икlи ирагъэкlуэкlащ ныкъэдыкъуэхэр дэlыгъынымкlэ «Къэщlэрэщlэжьныгъэ» республикэ жылагъуэ организацэмрэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм Социальнэ Іуэхуэхэр егъэфlэкlуэнымкlэ и центрымрэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР ирагъжlуэжlащ КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм я зэпыщlэныгъэмрэ лъэпкъ lуэхуэмкlэ и управленэм и грантыр пхыгъэжlыным ипкъ иткlэ.

Зэпеуэр къыщызэlуахым кърихьэлlащ Социальнэ Іуэхуэхэр егъэфlэкlуэнымкlэ центрым и Іэтащхьэ Гуппоев Тимур икlи шахматхэмкlэ Іэхъэзэхуэм хэтхэм гукъыдэж зэраlэр, а спорт лlэужьыгъуэм нэхъри куууэ хыхьэну ахэр зэрыхуэпабгъэр къыхигъэщащ.

КъыкlэлъыкlуэУ фlэхъус псалъэ гуапэхэмкlэ шахматистхэм зыхуагъэзащ Нэфхэм я урысейпсо зэгугъэныгъэм и щlыналъэ къудамэм и унафэщl Черкесовэ Ларисэрэ Ныкъэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгугъэныгъэм и щlыналъэ къудамэм и тхьэмадэ Вэрыlуа Владимиррэ.

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр Іэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ хъумэныкlэ и министерствэм и Жылагъуэ советым и унафэщl Шыкъ Заурбэч къыхигъэщащ шахмат джэгухэр зи узынщагъэм сэкъат иlэхэу къэлъытэн зэрыхуэмейр, а спорт лlэужьыгъуэм гулъытэщхэр акъыл уэзщlарэ ущlэн хуейщи.

Турнирым и арбитр нэхъыщхьэ урысейпсо категорие зиlэ судья Къармэ Мажмудин жиlащ зэпеуэм кърихьэлlаIэхэр зэрыльэщыр: шахматист 19-м ящыщу 7-р спортымкlэ мастерым и кандидатхэщ, 3-м япэ разряд яlэщ.

Республикэ зэпеуэм щытекlуащ зэlущlэ псори къызэхъуа Джэдгъэф Чэмал (Бахъсэн район). ЕтIуанэ увыпlэр къысащ Абей Къэралбий (Шэджэм щlыналъэ), налшыкдэс Шевелэ Александр ещанэ хъуащ. ЕтIуанэ разрядым и мардэхэр ягъэзэщlащ ЛIуп Амхьиядрэ (Бахъсэн район) Бекъаады Щамилрэ (Налшык). Тэрч щlынальэм щыщ Джауржий Заурбэч ещанэ разрядым и мардэхэм пэлъэщащ.

Джэдгъэф Чэмал ираташ «Къэщlэрэщlэжьныгъэкlэ шахматхэмкlэ ещанэ республикэ зэхъэзэхуэм и кубокыр. «ТекIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщlэ» саугъэтыр лъысащ Рябоконь Александр. Илъэс 84-рэ зи ныбжь Ныр Хъусен ираташ «Шахмат гъуазджэм зэрыхуэпэжым папщlэ» саугъэтыр.

Гуппоев Тимур зэрыжиlащи, мыпхуэдэ Іуэхугъуэм и мыхьэнэр зыхуэдизыр къалъытагъуейщ. Зи узынщагъэм сэкъат иlэ цlыхухэм ящlэн хуейщ абыхэм жылагъуэр къызэрыхуейр, гулъытэ къызэрыхуащlыр - гъащlэм нэсу хэтыну къызэрызэрагъэпэщыр, абы спортри хыхьэу. Аращ «Къэщlэрэщlэжьныгъэ» республикэ жылагъуэ организацэм ныкъэдыкъуэхэм я социальнэ адаптацэм хуэгъэза апхуэдэ Іуэхугъуэхэр щIригъэкlуэкlыр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантий.

● КъБР-м щыlэ МВД-м къет

Къыкlэлъыкlуэ щlэпхъаджагъэ

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыlэм закъыхуигъэзащ а щыпlэм щыпсэу цlыхубзым.

АБЫ зэрыжиlамкlэ, и кредит щыхуэр хилъхьэжьи папщlэ банкым и лэжьакlуэу зыкъеезгъэцlыхуа хьыджэбзым сом мини 130-рэ иритащ. Арщхьэкlэ, зэман дэкlри, решит Іуэхугъщlапlэм къипсэлъыкlыу щlадзащ икlи къызэрыщlэкlамкlэ, абы цlыхубзым ирита ахъшэр банкым кlуакъым, атlэ а Іуэхущlапlэм и лэжьакlуэм зыкlэщlуищlащ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэжlуэкlым, полицейхэм зэраубзыхуамкlэ, а щlэпхъаджагъэр илэжьащ апхуэдэ зыбжанэ ищlауэ щэч зыхуащl илъэс 31-рэ зи ныбжь налшыкдэсым.

Іуэхур зэхагъэкl.

Яубыдам зеумысыж

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыlэм и лэжьакlуэхэм а щlыпlэм щыпсэур зрыдыгъуам теухуа Іуэхур щызэхагъэкlым, щэч зыхуащlыр зиумысыжу къызэрекlуэлlар ятхащ.

НАПlЫК щыпсэу илъэс 18 хъу щlалэщlэм зэрыжиlамкlэ, и цlыхугъэ къалэдэсым и Іуэхугъэ 2014 гъэм и накъыгъэм ерыскъыхэкlи тыкуэнэм зыбжанэрэ щыдыгъуащ. Къагъэлъэгъуа Іуэхуэнэм абыхэм Тэрчокъуэм и уэрамым тет ерыскъыхэкlхэр щащэ тыкуэным и щхьэгъубжэр якъутэри Іуэхущlапlэм щlэт ахъшэ щыхалъхьэ терминалыр къыщlадзыгъакlащ. Ар якъутэри, щэч зыхуащlэм сом мин 25-рэ зыlэрагъэхьащ. Ардыдзкэм Лениным и проспектым тет тыкуэным и щlыхьэпlэ бжэр къыфlахри ерыскъыхэкlхэр, фадэжэкlхэр къыщlадыгъукlащ.

Шэч зыхуащlхэр ещанэу щыдыгъущ Кулиевым и проспектым тет сату щlапlэм. Щlыхьэпlэ бжэр якъутэри, ахъшэ щыхалъхьэ терминалыр къыщlадыгъукlащ. Пэжщ, ар къызэIуамыхьфу, щlэпхъаджагъэр щалэжьа щlыпlэм пэмыжьжьэу щыхьфlадзащ.

Полицейхэм къэпщытэнигъэ Іуэхугъуэхэр ирагъэкlуэкl.

Къэрал кlуэцl Іуэхуэмкlэ министерствэу КъБР-м щыlэм и пресс- Іуэхущlапlэ.

● Теплъэгъуэхэр

Іуащхьэмахуэ и щыгур жыжьэжкъым.

Боксым хуэщlа пэш къызэIуах

Налшык къалэ дэт «Тэрч» санаторэм къыщызэIуахащ КъБР-м боксымкlэ и командэ къыхэхахэм зыщагъэсэну, метр зэбгуэзнатlэ 200 къэзыубыд, зыхуейхэмкlэ къызэгъэпэща спорт пэш.

КЪЫЗЭДНЭКlА илъэсым и кlэухым КъБР-м Боксымкlэ и федерацэм Курортхэмрэ туризмэмкlэ и министерствэм зыхуигъэзат, я ведомствэм щlэт Іуэхущlапlэм хэт спорт залыр хуит къыхуащlыну. Абыкlэ аразэуэ жэуап къыщlатыжьым, пэшыр зэрыхъукlэ зыхуей хуагъэзащ.

Спортымкlэ министерствэм залыр рингыщlэкlэ, бокс хьэпшыпхэмкlэ, тренажерхэмкlэ, гырэхэмрэ штангэхэмкlэ къызэригъэпэщащ.

Спорт пэшыр къыщызэIуах Іуэхугъуэ гуапэм крихьэлlащ КъБР-м спортымкlэ и министр Хьущт Аслъэнбэч, курортхэмрэ туризмэмкэ и министр Шагин Сергей, боксымкlэ федерацэм и унафэщl Іэпщэ Заур, спортым и ветеранхэр, самбэмкlэ дуней псом, къэралым щыщlэрыlуэ Мейкъуапэ къыкlа хьэщlэ Хьэпай Арамбий.

Къыхэдгъэщынщи, мазаем и 1-м щыщlэдзауэ КъБР-мрэ ЦСКА-мрэ я командэ къыхэхахэм зэщlыгъуу ежьэныгъэ-зыгъэсэныгъэхэр мыбы щрагъэкlуэкl. Спортсменхэр хуагъэхьэзыр профессиональнэ боксымкlэ дуней псом и абсолютнэ чемпионкэ Рогозинэ Наталье и саугъэтхэм щыщlэбэныну Іэщэкlэ Зэщlэуэзда Къарухэм пашэныгъэр къыщlыхьыныкlэ ныбжьыщlэхэм я зэпеуэм. Фигу къэдгъэкlыжьищи, зэхъэзэхуэр мазаем и 10-15-хэм Налшык и Универсальнэ спорт комплексым щызэхэтынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Горький Максим и цlэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым мы спектаклхэм фрегъэблагъэ

Мазаем и 10-м

Камолетти Марк. «Семейный ужин с любовным гарниром» *(Комедие)*

Щыщlидзэр сыхьэт 19.00-рщ.

Мазаем и 25-м

Шекспир Уильям. «Король Лир» *(Трагедие)*

ЩыщlидзэрСыхьэт 19.00-рщ.

Хэщlапlэр: Налшык къалэ, Музыкэ театр.

Кассэр: 8 962 649 84 59; 8 906 483 71 66; 8 963 169 44 77.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФlЫЦlЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласа Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьокlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыджэ Заминэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэмрэ редакцэмрэ я адрес: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкlэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм -42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм ящlэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущlэгъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокl.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Соня, редактору ТекIужь Зарет, корректорхэру Афэ Тамарэ** *(2, 4, 5-нэ нап.),* **IХьытIыкI Аззмэт** *(1, 3, 6-нэ нап.),* **корректорхэм я дэлэныкъуэгу Мырзэкъан ФатIимэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплэр ящlащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахъу Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн ещlыну сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №192